




This e-book was digitized from an original copy by the West African Research Association for the African Language Materials Archive (ALMA) project. Original funding for this project was provided by [UNESCO](#) and the [Council of American Overseas Research Centers \(CAORC\)](#) in cooperation with the [West African Research Association](#) and [Columbia University](#).

Please see the following web sites for more information about the ALMA project, contributing authors, and more titles in the series.

- Digital Library for International Research catalog: <http://catalog.crl.edu/search~S16>
- African Language Materials Archive (ALMA): <http://www.dlir.org/e-books.html>
- African language materials including interviews in video and PDF versions, documentary video, translation work, and bibliographies can be viewed at <http://alma.matrix.msu.edu>.



ci loxob Paate SOW



Démbi Senegaal

ci làmmēñu Wolof



Publié grâce au Concours du Projet d'Appui au Plan
d'Action en Matière d'Education Non-Formelle (P.A.P.A.)

1998

ci loxob Paate SOW



Démbi Senegaal

ci làmməñu Wolof

*Réalisé avec l'appui du Projet d'Appui au Plan d'Action (PAPA)
(Ci ndimbalu porose PAPA)*

*Maa ngi sànt mbooleem ku def
loxoom ci téeré bi ba mu mëna
yegg ci loxoy ñiy jëfandikóo
lamméñu wolof.*

Paate SOW

INFO-EDIT 1998

B.P. : 15 575 Dakar-Fann

NJALBÉEN

*Bokk na ci li ma yéem ci téeré bi "Démbi Senegaal"
bi bindkat bu ñuy wax Paate SOW taalif :*

Benn : faram facce gi mu faram facce Démbi Senegaal ak ay jaar-jaaram, ci anami jàndkuwante ya ñu miin ci dundinu doom-aadama. Mu dale ko ca bérki démb ba ci dijk gu tubaab bi, rombaale nguur yu mag ya, ak nguur-nguuraan ya ; seen aada, seen àtte, seen koom-koom ak seeni jàmmarloo yu sax dàkk ngir xëccóo baat ak nooteel wii dundin masuta deñ ba ni tubaab bi songe réew yi ci xaajub xarñub XVII wii waarr wu gudd te yaa moom la bindkat bi dar, te fàttewul a méngale tèralinu téeré bi ak aajoy kuy nafar, mbaa kuy jàngal boppam, walla ku nekk ci biir daara yi ñuy defe "alfabetisasiòn" te nguur gi saytu ko, ngir xittali li ëpp ci doomi réew mi te seen dund ak seen lëggéey laaj mbind ak njàng ci lakkì réew mi, te ñu wara takku ndax "ku bëgg lem dangay ñeme yamb".

Ñaar : bokk na ci li ma yéem, dégg gu mu dégg wolof, moo ko may mu man a yegg fi mu yegg ci càmbar li ëpp solo ci xew-xew yi ak sàmmuwante térub mbind ci leeral ak njàmbaar ak xàmmee ngir def warugaram ci taxawu ndono li ñépp bokk. Fonk gu mu fonk démbi réew mi terewul mu siggi xool lan la àddina laaj te xay ak xam-xam ak jëm-kanam tax na àddina bi xéy nekk benn dëkk ! lu xew yàlla nay jàmm ! waaye kenn duutul ab jaambur.

Neett : bokk na ci li ma yéem, saxal gi mu saxal ne démb mooy tax a xam tey, looloo tax ba "Démbi Senegaal" mooy téeré bu mbooleem ñi ñu "alfaabetise" bokk.

Dina leen tax a dabe te bokk ci ñiy def aka dindi ci réew mi, ndax wolof njaay nee na "ñàkka xam la mu waral barina" waawaa ! Ñàkka xam sa démb doy na ag laago-laago ñàkka xàmmee ba xér ci lu ko jarul, séenéen ba xeeb sa ndono xeebaale sa bopp.

Néent : bokk na ci li ma yéem ci téeré bi maandu gi mu maandu ci diggante nit ñi ; sibooru wul suxlu wul ñi ci kaw jayul ñaawalul ñi amul xamu ñu.

Bokkul ci ñi ràggalante gannaaw.

Yittéem moo di jubale ñi daa noot ak ñi ñu daa noot démb waaye du delloo buum ca booy-booy ba.

Yittéem moodi dundal làkki réew mi ndax ci la ñépp xaj ngir am lu ñu jàpp ba man a dëgér.

Yittéem moodi fexe ba njuumtey démb nekk suñu xàmmee ci tey, ba nu man a yóbbu réew mi fa yaakaar ak yokkoo nekk.

Mamadu NDOOY

*Ministar bi saytu njàng mu ndawe mi ak
làmmeñi réew mi*

NGIR YAAY AK BAAY

Daanaka masu maa dund bés bu réyé ni bii may njukkale suma yaay ju sedd ja (Njaay) ak su ma baay bu dëggua ba, xaritu alquraan bu déggal boroomam.

Dëgg la ! meew jombul pël ! Jagle gii ma leen jagle téeré bi ag jaamu yàlla la ci man, ndax da maa feddali seen yéene. Da ma koo def ngir sante leen ci tann bi ñu ma tannal Àlluwa : joxu ñu ma ab gopp may bay ñuy lekk, te sañoon na ñu ko. Joxu ñu ma aw yet may sàmm ñuy ratt, te sañoon na ñu ko. Gedd nañu su may mbagg, ngir sédd ëllëg, manoon nañu maa xawtu, waaye jäng la ñu ma santon te taxawu woon nañu ma. Suma dara masula rapp. Maa ngi meloon ni aw mboq man ak suma sëriñ te moo nu daa wodd. Te booba ab xiif ak ab ràmm ñu gi faagaagal réew mi, rax ci dolli booba sox yaa ngi tàkk ci Ndakaaru, dara du dem, dara du dikk.

Ñaar ñi ma uuf ba ma romb lëg moomu ñoo moom téeré bi, ñoom ak képp ku ma xamal aw araf. Ak mbooleem ku ma jiitu ci mbind, rawaate na ak bind ci démb, ndax démb dafa nekk waar wu jege xol. Bind ci démb mook fecc ci ab gël bu tàng ñoo yem, tànk ba ko jékke du ko mujje waaye jar na ko : ndax démb mooy taxa ràññee tey. Wolof njaay nee na : tey du cére waaye dees na ko laalo, te démb mooy laalo tey. Ku bëgga leeral yi

xew tey xam démb da la waroon. Ku nekk la nga xam ci démb moodi sab cér ci tey. Ku xamul sa bopp di nga jëggaani ay maam. Di nga wàcc saw and. Di nga tumuranke ci sa biiri bokk. Doo xam foo wara dale, foo wara jëm, foo wara yem. Da ngay tañax-tañaxi. Lu sa xel natt sa xol yàq ko. Maa ngi beral loxo jàmbaari réew mi, jàmbaar yi lànkoon ci kanam tubaab bi, teg ci déggal Yàlla, nàmm jikkó yi, te mat sëkk royuwaay.

UBBITE GI

Lu tax ma bind téeré bi : Démbi Senegaal ?

Da ma koo bind ngir wax maa lank du ma bàyyi ku gëmul réew mi di bind ci sunu démb, mel ni moo war a wax waa àddina bi nun nooy ñan.

Du ma bàyyi ku dara ñorul, ludul nettili ay léeb muy duufale su nu démb waayam. Te Démb léppi ñépp la.

Du ma bàyyi kuy tann ñi óomal, di leen way, mbaa kuy jay ñi amul xamuñu, ba tax ñuy fettéeru.


Du ma bàyyi su nu doom yu ndaw yi jàng ñu nàmp weenu jaambur, ak bu mu man a doon, ba tax ñuy xeeb seen bopp. Ku xamul yaay kan sàndu da koy yomb.

Te sàndu du weesu xeeb say maam yi la boole ci dem. Li maam yi lankoon tey lanu ko gënë lank, kenn du nu jàlle nooy xuus !

Du ma bàyyi wa penku, mbaa waa sowu ñu di nu tannal. Ñun benn lam dojj la nu ci càllala gi joggé ci démb. Nooy séti jàmbar yu gëm te feesoon dell démb. Seen taxawaay mooy sunu bos. Du nu jëggaani ay maam, mbaa ay kilifa su nu yos roy nanu ci gën ji mbindéef lu nu doy a roy. Ñooy sunu démb, nooy seen tey. Sunu baat jaayul bay am njëg.

Bu nu kenn dimbali ngir jàngal nu démbam, na nu ñu dimbali (ngir jàngal nu) nu xam su nu démb, ndax nu man a defaru ba def sunuy doom li nu doon ci diine ak aada. Ni ko ñépp di jéemé fépp.

Nataal : Nguurug Gaana gu mag ga



SENEGAAL CI BIIR NGUUR YU MAG YA

Ci ag gàttal, nguur yu mag ya daanañu awante ag moomeel ci Sudan gi ci sowu jant ci xarñub IV ba XVII foofu moo nekk diggante bëj Gànnaru Afirig jàpp ca digg ba jëm ca bëj siiwi Saharaa te ñu gën koo xame ci ndénd fooy-fooy. Ca booba Gaej gu mag gi nekkul woon buntu koom-koom bi. Seen buntu koom-koom moo doon yoon yi jaar ci ndànd fooy-fooy gi féeté Bëj Gànnar. Foofu nekkoon fi nuy jaaye aka jënde xorom ci barca-barca ca (Bambuk) ak (Buri).

Fa ñu daa wóoy Senegaal ak Tekuruur te ñu nekkoon ci yoonu njëgg mi nekkul woon ci kiliftéefu benn nguur. Foofa mu nga dale ca kaw Senegaal gu bari wurus ga ñépp xeemeemoon. Looloo tax mu fedd geewó woon, ci diggante nguur yi.

Gaana moodi nguur gu mag gu jëkk ci sowu jantu Afirig. Mbaa ci Sudan gépp sax. Nguur googu mu ngi sosu ci xarñub IV ginnaaw juddub yonneent Yàlla Isaa, na ko Yàlla dollee gérëm. Gaana ñu ko da dàkkantale buuru réew ma. Daa na ñu ca dolli (Tunka) (buur), kay maga (boroom wurus). Siise waaye mujj na Gaana di tektale péeyu réew ma.

Ci ginaaw ba la ñuy wooye réew ñépp Gaana.

Tunka kay Manga Siise.

Wax yi woote na ñu ci turu Awdagost, Araab yi ak woroom xam-xam yi ci Tumbuktu nee na ñu aw nit ñu ñuul ñoo fa doon àtte, ginaaw ba la fa nit ñu weex àtte. Ñooñu nag ñu ga fa dikk lu néew ginaaw gàddaayug yonneent gi, na ko Yàlla dollee gérëm, ñu ñuul ñooñu ma waxoon léegi ay Saraxulle la ñu.

Seen nguur nekkoon na diggante xarñub IX ba XI ci jamano jooju la nguur Gaana mag kuddig mag. Dale ko ca géejug Atalantig gu mag ga ba yegg gaawo jaaraarel Tekuruur ak Songaay ci kaw Senegaal ca wurus wu bari wa ak Niseer ba ëmbaale ndànd fooy-fooy ca nguur baarbaar ya ña seen peey nekkoon Awdagost. Mbooleem Baarbaar yi daa na ñu joxe galag waaye ci xarñub XI la nguuru Gaana dala am ay jafe-jafe ndax song gu ko waa Muraabituun yi song ba nangu péeyam (Awdagost) ndax li mu jox galag nguurug Gaana gu mag atum 1054.

Waa Muraabituun yi jóg na ñu ci njiitu Abuubakar Ibn Omar jublu ca nguuru Gaana gu mag ga ngir noot ko ci diggante (1057 ba 1060). Kuwambi moom nu ngi faatoo ci (1076) ci la kilifag Saraxulle ya daldi nangoo joxe galage, nangu yit dugg ci diine Lislaam. Waaye ba jaxasoo ak ay xëccéo amee ca diggante njiiti Muraabituun booba la Saraxulle ya jëlaatee seen bopp.

Nguurug Gaana moom dafa daldi nérméelu ndax cong yu tar ya ko Muraabituun ya song, mu daldi mujj nekk ay nguur am yu ndaw, yi y jéema taxaw taxawaayu nguurug Gaana gu mag ga. Booba la ñu man koo sos nguru gu bees ci ndànd fooy-fooy ga.

*Gox bi ñuy wax Tekuruur bokkul woon ca gox yooya. Tekuruur moom desoon na ci kiliftéefu Saraxulle yi ci waa (Jaxate) mbaa (Ñaxate) ci (Jara) Péeyu (Kaynaga). Ci 1270, waa Jawara dañu doon donnante nguur ga ci lu ëpp ca goxi bëj siin yi bokkoon ci nguurug Gaana gu mag ga. Ci noonu la Màndej noote Tekuruur ci xarñub XIV ba XV, mujj na nguru Songaay gu mag ga di joxe galag ci xarñub XVI. Ginaaw ba la nguru Soose yi sosoo ci loxo Saraxulle yi ci (Jarisu) nguur googa yéggoon na ci digg dooleem bafa (**Sumanguru Kante**), mboolem gox yi ko wér yépp èmbóon na leen ba mu des kaw Senegaal gii nga xam ne nekkoon na ci dogalu Màndej yi.*

*Nguur googu daanu no ci 1235, looloo ngi xew ba Sunjata béggee fayyu ci Màndej ca (kirina) foofa la Sumanguru faatoo. Gannaaw ba **Sunjata** soosee nguru Màndej 1230-1255 te def péey ba mu nekk (Kangaba) ci ak jékk, waaye péey ba mujj na nekk (Njane). Nguur googu daldina yaatu ba lamb jaara ak soose, yégón na ci digg dooleem bafa Mansa Musaa nekkee. Mbaa ñu gën koo xame ci (Kànka Musaa). Nguur ga dem na ba lamb li ëpp ci*

sowu jant ci fii ci Afirig ci njalbéenug xarñub XIV. Làmbaale woon na Senegaal gii ci digam yii tey.

Waaye nguuru Maali googu daldinay daanu ci xarñub XV ngir cong yu ko Songaay di song ca (gaaw).

Ku ñuy wax Askiyaa Muamad 1493-1523 dal na ci kaw mboolom gox yi bokkoon ci nguurug Màndenj teg ci Sayeel ci 1493 ba 1529. Noonu la Askiyaa M. Jàlle song réew ya ba Tikuruur, foofa la (Ardo) benñ njiit Pël bu dëkk Sayeel bu ñuy wax (Teñjala) songoo ak Askiyaa M. waaye booba ay soldaaram kenn manuleen a dékku, noonu la ñu bóome (Teñjal) ci atum 1519 (waaye bu yoon jeexul waaxu des na) ndax doomam ju ñuy wax (Koli teñjal) wuutu na baayam ndaxte dafa daldi takku song Fuuta Tooro ci turu néeg bu ñuy wax Diniyañkoobe tuy nguur gu moom boppam.

Soo demee ndànd fooy-fooy gii sosu lu jiitu 4000 xarñú ci juddub yonneent Yàlla Isaa moo waral nit ñu ñuuul ñi gàddaay ci ag ñàkk pexe jëm bëj Siin. Na leen fa wuutu ay nit lañu yuy màng, ginaaw ñoom ay gawar ñoo fa ñëw. Ginaaw ba woroomi gëléem yu joggé (Libiko) ñoo fa ñëw, ñoom ay Baarbaar lañu, xuus ña ba yegg ca biir ndànd fooy-fooy ga, foofa la ñu nekk ba bi Lislaam di bëggée dikk.

Naar yi ñu ngi baaxoo wooye (Bafoor) nit ñu ñuuul ñi dëkkóon Gànnhaar gii tey ak ñi nekkoon (Hooda) ñoom ñoo

Barbayi ñoo digalóowoon. Bafoor yooyu ñooy cosaanu ñett ñii :

1. *(Songaay) ca Penku,*
2. *(Gangara) mbaa (ongara) ñoom cosaanu Màndenj yi ak (Bàmbara) yi ak (Joolaa) yi ci digg réew mi.*
3. *Séeréer si ak seeni jegeñaale wolof yi ci penku.*

Waaye Saraxulle yi nag xam na nu ne ñoo nekkoon ci boppu nguur ga woon ca Gana ca (Kayanga) ak ca (Sooso) ñoom am njaxas la ñu mu joggé ci nit ñu weex ak (oongara).

Màndenj yi am na ñu ay tur yu wuute.

Ca Kaasamaas ñu ngi leen di wooye (Màndenj).

Ca Siin Saalum ñu ngi leen di wooye (Soose).

Ca Kéedugu ak ca Tàmbaakunda ñu ngi leen di wooye (Maalenke).

Buntu I (benn)

AS LËF CI MBOOLEEM SENEGAAL

I - LENN CI AY BARAB AK AY JAMANO CI SENEGAAL

Yii bokk nañu ci yi géné siiw ci barabi réew mi : Belleer ak Mbell ma ca Madaleen ci Ndakaaru, jeexit ya ca déegub Tamasaas ci Kees, àllub Ñokolokobaa ci penku Senegaal. Yii ma lim doy na ñu firndé ci démbi réew mi.

II - DUNDIINU SENEGAAL DÉMB

Xeet yu wuuté dëkkaale woon na ñu ci jàmm ak salaam ci réew mi.

III - DIKKUUG LISLAAM CI RÉEW MI

Al Muraabituun ñoo tasaare Lislaam ci réewum Tékuruur. Looloo ngi xewoon ci fukkéelu xarñu ak benn. Booba la waa réew ma daldi jëflante ak Lislaam. Ña jiitéwoon ñooy : Sériñ Abdulaay Bun Yaasin ak kilifay diine gu ñuy wax Abubakar ak yeneen jàmbaar ak ay jaaykat.

IV - SENEGAAL CI FUKKÉELU XARÑU AK JURÓOM BENN

Booba réew mi ay nguur ñoo fiy dox. Li ko dale ñoom ñu bari. Waaye dund bu baax te doy soppina bu baax mbiri doom-aadama yi.

IX - SAFARA

Safara moom am na melokaanu boppam. Nit ñi yàgg na koo jariñoo. Safari mooy cosaanu doole yi : matt ak kériñ ak gaas ak peterol. Safari masuta deñ di nekk ndimbal ci lépp lu nit aaje woo.

X - MBAY

Baykaty Senegaal yàgg naa jéfandikóo alleer ak ñoosi : waaye mbay mu ngi gënée am solo ndax tos gi ak jumtukaay yu bees yi.

XI - CÀMM GI

Càmm gi mooy mottali dund bi. Waaye sàmm si ci réew mi bàyyee guñu seen aada. Te réew yi jiit ca kanam ñoom ñu ngay jox mbay lépp lu mu laaj.

Looloo waral seen mbay di jém kanam, ndax dañoo boole mbay mi ak càmm gi ba yàpp wa ak meew ma ak lépp nga ne gàññ.

XII - NJAA JAAN NJAAY

Njaan Jaan Njaay moo sos nguuru Jolof, moo dàkkantale boppam BUURBA. Moo def cëñjñ tuy péey yu Jolof.

Njambaaram yegg na ci mu boole réew yu bari def ko nguuru Jolof gu mag gu siiw ga.

XIII - LAT SUKAABE FAAL DIGGANTÉ 1699-1719

Lat Sukaabe Faal moo dàkkantale boppam Dammeel Teeñu Kajoor. Lat Sukaabe moo sos lél bu masuta ma ca réew ma. Looloo taxoon Kajoor ëppóon doole ci nguuri wolof yi.

XIV - LAT JOOR JÓOB

Lat Joor Jóob ba ngi juddu ci 1842 ca Kér Aamadu Yala. Ba mu nee gimeet la ñu ko fal BUURU KAJOOR.

Bokk na ci ñi gënóong takku ci xare ak Tubaab bi. Mu nga daanu ca déqëlé ci 1886. Booba mu ngi am ñeen fukki at ak ñeent doñj.

XV - ALBURI NJAAY

Alburi Njaay mu ngi cosaanoo ca Njaa Jaan Njaay. Alburi ñu ko daan dàkkantale Buurba. Dugg na ci Lislaam amle naak tubaab bi ba mu mujj gàddaay Jolof.

XVI - JA BI WAA BITIM RÉEW TAXAWAL

Waa Purtugees sos na ñu ay jaayukaay ci Senegaal: bokk na ca Gore ak Tëngéej. Waaye yeneen nooteel yu joggé tugal ñoo leen fi dàqe.

Waa Faraas ñoo sos Seen Liwi (Ndar) ci 1659, ak ja yi nekk ci dexu Ndar. Booba waa Tugal yi ñu ngi jaaye barca-barca : ci digganté Cëfka ak ay jaam ak ngerte yi am ci Afirig.

XVII - COSAANAL NJAAYAM JAAM FII

Waa Afirig dañu daa jaay ñi ñu jàpp ci xare yi ni ñu jaaye jaam. Waa Tugal këpptal na ñu doomi Afirig di leen jënd ngir seen tool ya ca Amirig. Looloo tax Afirig xéy tumuranke ay liggéeykat.

XVIII - SENEGAAL DÉMB

Ay xeet yu wuute ñoo dëkkónon Senegaal. Nguur moo fi daan dox. Mbay ak càmm ak rëbb ak njaay ñoo fi xewoon. Ni ëppóon ci waa réew mi ñu ngi nekkoon ay jullit, amoon na ay Nasaraan ak jaamukatu xérém. Waaye Lislaam masuta deñ di gën a tasaaroo.

XIX - JOLOF BA MU CA TOLLOO

Nguurug Jolof mu ngi ci digg Senegaal, yilifóon na ay tund yu bari, yoo xamne ay giir-giiri wolof ñoo ko dëkke woon. Nu ngi daa dunde mbay. Buurba nekkoon na ku am doole. Loxoom jotoon na ganaawam. Waaye nguur ga mujj na daanu ba dénd ya rëcc ci ay loxoom, daldi moom seen bopp.

XX - NGUURU WAALO

Waalo mu ngi nekkoon diggante dexu Ndar ak géej gi ci soxu jant, Podoor féete ko penku nekkoon na nguur gu am doole. Seen buur ñu ko daan dàkkantale Barag waa gànnaar masuñoo deñ di leen song, ba looloo tax nguur ga mujj ñàkk doole. bokk na ci li tax nguur ga ñàkk doole xëccéo ya woon ca diggante néegu buur ya ba tax ndawal tubaab bi ku ñuy wax Fedeerba jaar ca ba aakimoo nguur ga ci 1856.

XXI - SIIN SAALUM

Siin Saalum mu nga dale ca géej ga ca béj Siin ba, ba yegg Njaaréem. Ña fa cosaanoo ay Séeréer lañu yu joggé woon ca tàkall dex ga ca béj gànnaar. Gelawaar yi ñoo fa sos nguurug donnante ci wàllu ndey ci njiitël Mansa Waali Jonn Maane.

XXII - SAALUM

Saalum mu ngi nekk diggante réewum Gàmbi ca béj Siin ak Siin ca béj Gànnhaar. Giiri Séeréer si ak giir Mànden ak Pël yi ñoo fa cosaanoo.

Seen buur dañu ko daan tann. Benn Sëriñ bu Tukulóor bu mag yilifóon na réew ma. Ci gannaaw loolu ku ñuy wax Mbegaan Nduur nangu woon na réew ma daldi fay samp nguur gu bees. Nguur googa yeggoon na ba Gàmbi.

XXIII - XEET YI CI KAASAMAAS

Kaasamaas mu ngi nekk ci béj Siinu Senegaal bokk na ca ña fa dëkkóon xeeti Joolaa ak ay Maanjaag ay Mànden ay Balant ak ay Pël.

Li ëppóon ca giir ya moo doon joolaaya ñoom ñu nga woon ca xeeru géej ga. Ñoom sax sosoon na ñu ci seen biir genn nguur. Masu ñoo deñ di xëccéo al Mànden yi. Ñoom Mànden yi masu ñoo deñ di jàmmarloo ak Tubaab bi.

XXIV - YI WARAL TUBAAB BI NOOT RÉEWUM SENEGAAL

Jëm kanam gu jéffi dayo ci gaaw tax na ca xarnub XIX la Tubaab bi jóg di gëstu ay jaayu kaay ngir doxal

réewam, looloo tax mu noot Senegaal ci lël bu réy ak jumtukaay yu bees te bari.

XXV - TAXAWAAYU WAA SENEGAAL BA TUBAAB BIY NANGU RÉEW MI

Tubaab bi fal na ku ñuy wax Pine LAPARAD ngir mu yilif Senegaal ca Waalo ak Fuuta Tooro ci 1854. Liy ittéem moodoon mokkal réew mi. Bokk na ci ñi taxawoon xare ak moom Lingeer bi ñuy wooye Njëmbët Mbóoj ak Sériñ bu ñuy wooye Alaađi Sayxu Omar TAAL. Waaye tubaab bi mujj na noot Fuuta Tooro ci atum 1890.

XXVI - TAXAWAAYU WAA KAOOR BI KO FARAAANS BËGGÉE NOOT

Fedeerba daj na lumu dul wax kenn ci jàmmarloo ngir jot ci Kajoor. Jaaraamaa Lat Joor Jóob mi may boppam kajoor ! Taxaw na ci kanam tubaab bi ca Ngol-Ngol ak ca Ngigis doora fekki Sériñ Maba Jaxu kilifag diiné gu mag. Ba mu ca joggée la songoo ak tubaab bi ca Déqélé ci 28 oktoobar 1886 fa la ko Yalla moome, te ñakkul manooreem.

XXVII - KAASAMAASU DIGG

Kaasamaasu digg mu ngi nekk ci diggante Kaasamaasu suuf ak Kaasamaasu kaw. Li ëpp ca ña fa

dëkkón ay Joolaa lañu ak ay Màndenj ak Pël ak ay Balant ak ay Tukulóor.

Màndenj yaa ngi cosaanoo ca Maali. Ñoom ñoo sos nguurug Kaasamaas gu mag ga.


XXIX - DOOLEY LISLAAM CI JÀMMAARLOO BI

Julliti Senegàmbi jekkoo na ñu, bàyyee tu ñu jàmmaarloo bi ngir taxawal Lislaam ba ci atum 1880. Ba njaayam xewee ci 1807-1848 la waa réew ma sàñ jaayante ak waa bitim réew ci ngerte ak ngànnaya ngir aar seen bopp ci dawal jàpp ji sang yi daa def.

XXX - YÉGÓOB SENEGÀMBI

Lislaam taxaw na ngir dooleel nit ñi ci seen jàmmarloo. Waa Saalum ak waa Gàmbi ñoo taal ferñeent bu jëkk bi. Looloo ngi ame ci loxob kilifag diine gu mag gu ñuy wax Màbba Jaxu BA, ci diggante 1862 ba 1867. Moom amoon na lël bu réy bu mat 20.000 góor. Ca booba la Kajoor ak Waalo ak Jolof yégoo ngir teggi nooteel ci réew mi.

Nataal : Fuuta Tooro



Buntu II (ñaareel bi)

FUUTA TOORO

Ci ag gàttal

Juróomi néeg jaar na ñu ci nguuru Fuuta lu jëkk dikkug Koli Teñala, néeg yooyu ñooy : Jawogo ak Maanaa ak Tonjoon ak Lamtarmi ak Lam taga ak Lamtooro.

Li gën a siiw moodi Koli Teñala Sunjata Keyta mooy baayam, ndeyam Pël la, moo doon jabari njiit bu ñuy wooye Teñala. Li gëna siiw moodi Fuuta mu ngi jógé ci Fuut ca réewum Nuubi. Nee nañu foofa mooy cosaanu Pël yi. Foofa yit mooy cosaanu turu Fuuta Jalon. Am na ñu ne Masina mooy cosaanu Diniyanikoobe. Ba ñu fa jógée jaar na ñu Ñaani ak Wuli. Toog na ñu ab diir ca Fuuta Jalon doot faa jógé dugg Gaabu ak réew yi ko wër lu mel ni Jaawara ca penku Gaabu ba ñu fa jógée la ñu jublu ca dexu Senegaal. Foofa la Koli dale di mokkal njiiti gox ya ca dex gi ak Jolof. Lu mat 28 ci ay buur falu na lu jëkk nguuru Diniyanikoobe

daanu. Booba la nguuru jullit yi sosu ci 1776. Kilifa gu mag gu ñuy wax Almaami Abdul Xaadir moo toxol Péeyu nguur ga yóbbu ko ca tákkel dex ga ca Gumbel.

Ci diggante xarnub XVI ba XVII la lu bari xew ci ay jàppante ci seen biir ak seen diggante ak Naar yi leen daan cokkaas léeg-léeg. Fuuta nag amna ay pàcc yu làng ak dex gi li ko dale Gaaya ba Doye. Moom la ñuy wooye Dimat mbaa Jalmat.

Li dale Doye ba Boge moom lañuy wooye Laawo. Li dale Lawo ba Boseya moom lañuy wooye Laabe. Li dale Boseya ba Ciloñ moom la ñuy wooye Nginaar ca Maatam ak Tundu damnga, diggante Nginaar Gooye.

Kiy jàngale war naa xam as lëf ci liñuy wooye feccere Fuuta mbaa séddélé Fuuta (1790) Almaami Abdul Xaadir moo ko defoon.

Néeg yi falu woon lu jëkk Diniyanikoobe mu ngi dale ci 850 ba 1559. Diniyanikoobe 1559 ba 1776. Nguuru Almaami 1776 ba 1881. Ay déggoo diggante Faraas ak lenn ci waa Fuuta.

- 1858 ca Dimat
- 1860 ca Tooro ak Damga
- 1877 ca Laawo ak Yeeri Laabe

- 1881 ca Boseyaa ak Nginaar. Booba la Faraas amee bunt ngir dugg Fuuta te sax fa dàkk.

I - FUUTA TOORO

Fuuta Tooro mu ngi ci Takkal dex gi ci wàllu Càmmeñ, ca kaw, ca Dagana, ba jém ca suuf ca Démbankaane ca diggante Ferlo ci gol bu yaraax bu néew ndox. Fuuta Tooro ngi lerook tundi beeñ ak joor guy calmbeer ci wàllu Gànnaar.

II - PËL AK TUKULÓOR

Tukulóor ak Pël ñoooy xeet yi gënq am solo ci Fuuta Tooro. Ni ci des ay Wolof lañu mbaa Saraxulle mbaa Naar mbaa as xéf ci Bambara. Mbooleem xeet ya fa nekkoon ñoo bokkoon làkku Pël. Dëf naa leen xàmmee ci turu Aal Pulaar, mooy ñiy làkk làkku Pël li gënq siiw ci seeni tur ñoooy Bari ak Jàllo ak Sow.

III - ÑAFA GËNË BARI ÑOOY PËL YI AK TOOROOBE YI

- Pël yi dëgg ñoooy sàmm yiy màng.

- Tooroobe mooy ñiy julli, ñoom mbooloo lañu mu yem ci boppam. Li ñuy ñàkk bokk cosaan lépp ñoo niréo ay jikkó, ñoom ñépp ay jullit lañu. Ñoom ñoo noot nguuru Diniyanikoobe gi daa jéfandikóo xëram ci xarñub XIII.

IV - SII BII

Noom ay giir lañu yu wuute, dañoo ñuuul ñoo bokk na ñuy fàggoo seen dund : xare ak mbay ak rëbb ci àll bi ak ci dex gi.

Li ëpp ci seeni tur mooy Njaay ak Jóob ak Saar ak Faal ak Wàdd ak Ñaŋ ak Si ak Jaw ak Mbóoj ak Ndaw. Ñoom ñépp seen cosaan wolof la. Waaye Sàll ak Ja ak Ba ak Jàllo ñoom seen cosaan Tukulóor la. Sumaare ak Kamara ñoom ay Saraxulle lañu. Ñi sant Màngaan ak Miloor ñoom seen cosaan mooy Faadóobe mbaa éo dan̄koobe.

V - CUBBAALO

Cubbaalo ñoom seen cosaan wolof la, neenañu ñu nga dëkkón Fuuta Tooro lu jékk dikkuk Pël yi. Cubbaalo ñoom napp moo ëpp ci seen liggéey. Am na ñu yit suuf yu yaa te nangu ci tàkkugdexu Senegaal. Am na ñu ak bokk ak wolof yi. Li ci doy firndé moodi ñook wolof yi ñoo bokk sant : Jóob ak Saar ak Ñaŋ.

VI - JAAWOMBE

Fuuta gépp am na ay Jaawombe, am na ci Fuuta dëkk bu tudd noonu. Ñoom ci seen biir la ñu deñcante, ñu

xàmmee lañu. Danañu jëfandikóo mbooleem xeeti liggéey yi, ñu ngi faral di sant : Jaan ak Baasum ak Saam.

Ñu fonk xam-xam lañu. Ni sànt bóokum ak Daaf ak Aan ñoom dañuy Kañ jàmbaar yi. Ni sant Njaadé ñoom ay sàmm lañu. Waaye ñi sant Walate ñoom ay beykat lañu.

VII - ÑEEÑO YI

- *Maabo* : ñoom ñooy rabb sér yi danañu wayitem su ñu nekk ak ay Diniyanikoobe.
- *Sakabe* : ñoom ñooy defar dàll yi, li ëpp ci ñoom Saraxulle lañu. Ñu siiw lañu ci maaman.
- *Lawbe* : ñoom njaay lañu siiwe. Soo leen seetloo di nga leen fekk ñu nekk ñaari xaaj.
 - *Laana* : ñoom ñooy yett gaal yi.
 - *Óroobe* : ñoom ñooy yett ndab, ñooy sàmm mbaam yi.
- *Wiliibe* : ñoom ñooy tègg yi
- *Mbaa Mbabe* : ñoom ay Tamakat la ñu.

Akuloobe : ñoom dañuy way, yonant bi moo ëpp ci seen way, dana ñu way it ceddo yi Siiwe na ñu yit taabataaba.

VIII - JI A ÓOGO : LIKO DALE 850 BA 1000

Ji a óogo bett nav Fuuta Tooro daldi nangu nguur ga waaye dàqul giiri Séeréer ya mu fa fekk, def na leen ni waa réew ma. Ginaaw Ji a óogo dañoo néew looloo tax ñu jaxasoo ak waa réew ma. Ñoo yore woon nguur ga ci suufu réewum Gana mu mag ma ba bàンqaas bu bokk ci jaana siif nguur gi ci moom. Buur bi mujj falu ci ñoom mu ngi tudd Muammad 2 ki ko rey mu ngi tudd Warjaabe moom moo sos néegu Maana bi sos nguuru Maana.

IX - NGUURU MAANA LI KO DALE CI 1000 BA 1300

Warjaabe moo sos nguuru Maana, moo jëkk tasaare Lislaam ci réewum Tukulóor. Doomam ju ñuy wax LEBE taxaw na ci 1096 ci ndimbalu Yayaa Ibnu Omar mi dox diggantéem ak benn naar bu tudd Godala.

Waaye jaamukati xëram yi jëkkón na ñu ko ba daaneel nguuru Maana, nguur gi doon taxawal Lislaam.

X - NGUURU TOÑ JON CI 1300 BA 1400

Li gëng siiw moodi Toñjon ñaari xeet ñno ko séq : Séeréer ak Jiawogo. Li gëna am solo ci li mu amal moo di sos nguuru Jolof gu mag ga. Bokk na ca la mu amal indi dàkkant lu pal ak doxaliinu nguur ci réewu Fuuta Tooro jële

ko ci Màndenj. Bokk na ci dàkkantal yooya Farba. Toñjon yor na nguur ga ba Lam tarmi song ko daan ko ci xarñub XVI.

XI - LAM TARMI, LAM TAGA, LAM TOORO CI DIGGANTE 1400 BA 1500

Makka benn jàmbaari Pël la woon, moom moo yilifoon nguuru Lam Tarmi, nguur googu mu ngi nekkoon ci Takkall dexu Senegaal ci wàllu ndijoor, demoon na ba yilif dunn bu ñuy wax Morfin ci diggante Kas-Kas ak Boseya. Nit ñu bari gàddaaye nañu ca Senegaal ak ca Gànnhaar ak ca Sudañ ngir ñëw bay ak sàmm ci suufu Lam Tarmi su nàngu si. Lam Taga mu ngi ci sowu Lam Tarmi, seen buur doomu Pël ak Naar la. Moom baaxoo woon na di song dëkk dëkkaan yi ko wér ba néegu Diniyankoobe daaneel nguur ga.

Lam Tooro moom taxu ko woona yaatu, waaye moo moom boppam, looloo tax ñu di ko dàkkantale Lam Tooro. Moom ku siiwe ci Njàmbaar la woon, daana faral di jalgati ak lokki. Koli Teñala moo ko song daaneel nguuram.

XII - KOLI TEÑALA DINIYANKOOBE 1559-1776

Cosaanal Koli

Soloo na ñu ne Koli baayam benn Pël bu tudd Teñala la ñuy koy wax moom nekkoon na benn kilifa gu ñu daan wooye Tengo Gilajo. Yaayu Koli nak Pël la woon.

Benn Faraam bu dëkk Añaam Goddo moo doon doxal
nguur ga.

XIII - AY XAREEM

Koli ci boppam moo jiité lëlub Pël ak ay Mànden
ngir nangu suufu Fuuta yu naat ya. Noonu la dàqe Faraam
kilifag Fuuta. Ci noonu la neegab Diniyanjkoobe sàmpoo ci
1559.

Sonnaloon na lool waa Bàmbuk ak buuru Mànden
ba mu ñaan ndimbal ci Purtugees yi ci atum 1534. Ba mu
jublóo ca sowu jant la daldi faagaagal nguuru Jolof ci
ndimbalu Séeréer sa mu sar ba yegg galat ci ndimbalu
Séeréer sa mu sar ba yegg galat ci wetu Tuaabóo, foofee
la ñu reye Koli. Nguuru Koli mu ngi dale woon Bakkél ba
Dagana.

XIV - ALMAAMI FUUTA 1776-1881

Yàlla na Yàlla yérém Sériñ Suleymaan Baal, mooy
ki laabal Fuuta ci bokkaale mòo fa saxal diine Lislaam.

XV - BÓOMUG SULAYMAAN BAAL

Kli ag Njàmbaaram la noote Fuuta daldi jublu
Gùannaar ca Tàkkal dex ga féetéek ndijjoor ngir tasaare
dëgg-dëggi Lislaam, ngir Naar yi bàyyi siif si ak lokki gi ñuy
lokki alali réew mi. Foofa la ñu ko bóome moom ak ay

àndadoom yu bari. Ci gannaawam la waa Fuuta tånn Sëriñ Abdul Xaadir muy Almaami Fuuta. Loolu moodoon mébétam Sëriñ Sulaymaan Baal.

XVI - ABDUL XAADIR ALMAAMI FUUTA

Abdul Xaadir jiite na Fuuta ci wàllu diine ak wàllu ginaaw ba nguuru Saltigé saaye. Mu sanc Kobila def ko muy péeyu nguuram. Kobilo mu ngi ci digg réew mi. Su ko defee mu sori diggi cosaan ya ngir moytu mbetteel.

TASAAROOGLISLAAM CI SENEGAAL

Ci ag gàttal

Lu mat fukk ci kilifay diine yongaa neef na ñu leen, walla ñu tèj leen walla ñu génné leen réew mi, walla ñu ber leen, walla sang yi ak ceddo mènkoo ci seen kaw. Pexe yooyu man naa joggé ci biir réew mi, mbaa ca Gànnhaar mbaa ca tubaab ya, walla ci yeneen réew yiy jaamu xérâm te sës ci Senegaal. Walla book ñu joggé ci biir Afirig. Man naa joggé sax ci ñu beew ñi nekk ci réew mi.

Waaye ak lu mëna xew kilifay Lislaam yi ci réew mi taxaw na ñu jonn ci kanam képp kuy jalgati.

Ci noonu le céeñéeru Alquraan jollee ci asamaani Senegaal, ca bëj gànnaar, ci ndimbalum Murabituun. Noom nekkoon na ñu kilifay diiné yu jàmbaar, ak ay jaaykat, ak ay jàngkat. Bokkoòn na ca ña gëné siiw Abdulaay Bun Yaasin mbooloo su njaxlaf si, jokkoo na ak Tukulóor ya. Booba la

mbir ma dalee yaatu jëm digg Senegaal ca Pir ak daaraam ju rëy ja, jëm ba baj Siin ca Màndeñ ya ak Fulaadu ya, yaatu jëm penku ca Saraxulle ya. Dëpp jëm sowu jant ànd ak njiti diiné yi dawe woon ca baj Gànnhaar ak ca digg Senegaal.

Lee tax Senegaalxey naat, Alquraan di jolli fépp. Wenn lakk aajewoowul moroom ma ngir dégg Alquraan ak adiisu yonneent bi, na ko yalla dollee gérëm.

Booba la lakk Araab nekkee lakk bind ak jàng ak xay ak xàmmee. Bi tubaab bi fëggée buntu Senegaal booba lakk Araab moodi bunt bu yaatu bi waa réew mi jëflante ak bitim réew. Ci lay dunde diinéem, di ci wane ak yegam ci ay taalifam, ci xam-xami jamonoom. Ci la tubaab i jàngalee ay àtteem. Ci la daan àttee di ci bindante di ci diglé di ci tere.

Ci la ñu daa xame ku wa nu lef, di ci yar di ci jaamu Yalla. Ci la tubaab bi jaar ba jariñoo cèggante ñenn mbaa èppéluk ña ca des. Ba nangu baatu nit ñi ak seeni suuf ak seeni alal. Lakk araab moo tasaare lakk farañse ci réew mi, waaye doxu ñu lu yàgg lakk farañse defar seen diggante, dem na ba day aaye ak jëfandikóom ci nguur gi ca Ndar ci 1911. Waaye lakk araab aaye ko weesna ndax jaxasoo na ak nit ñi ak seen dijnè ci la ñuy déggé Lislaam ci la ñuy jokkoo ak waa àddina. Mi ngi nii tey di léppi ñépp

ci jaamu Yàlla ci fent ak taalif ci mbooleem fànn yi siiwoon ca jamano. Mbooleem pàkk yi ñu tegoon ci kanamam jérggi na ko. te jélé na ca njàmkaar ngir dox diine ak xàmmee. Lislaam ak làkku araab wane na ñu seenub taxawaay bu xàmmeeuwul démbi tubaab bi ak teyam ak élégam ci réew mi. Su ko defee nak~~g~~manees naa wax ci lu wér ne bu Senegaal amee baay bu muy tiitéróo ci démb, booba baay manu ta nekk kudul kenn ci kilifay diiné yi, ñoom ci jàmkaar yi gëna mag la ñu ci réew mi. Ñoom la nit ñi bëgg ca Fuuta ca kaw Senegaal ca bëj Siin ca digg Senegaal ak ca sowu jant.

I - TASSAAROOG LISLAAM CI TEKURUUR

Ca ak jëkk Lislaam doon na dukkat ci biir sangi Tekuruur yi jëkké tuub ci ay Sériñ yu ragal Yàlla. Ku ci mel ni Abdulaa bun Yaasin ak kilifay diine ak ay jàmbaar. Gànnaw ay soopiku yu bari Tekuruur nangu na Lislaam sàmpu na ca bëj Gànnhaar. Booba ba ci xarñub XI ba léegi Lislaam deñul di gëna yaatu.

II - TASAAROOG LISLAAM CI JOLOF

Jaamukati xérëm ya noot na ñu Tekuruur, daldi fay génné sàng yu gëm ya, bokk na ca Njaa Jaan Njaay, moom kenn la ci ñi sosoo ca Abuubakar njiitu Muraabituun. Njaa Jaan Njaay moomu moo sos nguurag Jolof gu mag gi ci nattaleb 1350. Nguur ga làmboon na Fuuta ak Waalo ak Kajoor ak Siin Saalum. Waaye nguur gu màgg googa daldi nay dellu ganaaw ca jamano jooja la seen nguur daldi sàqi waaye balaa looloo am Lislaam tasaaroowoon na ci mbooleem réew yi bokk ci nguurag Jolof gu mag ga. Looloo tax Lislaam dugg Kajoor ak Waalo ak Bawol ak Siin Saalum, ba ca penku réew maak bëj Siin ba.

III - TASAAROOG LISLAAM CI SOWU AK DIGG RÉEW MI

Ay jafe-jafe xew na ca bëj Gànnhaar.

Lenn ca waa tund wa gàddaay aw Jolof ak Kajoor ngir dari seen giir yi leen jékkóon na gàddaay. Waaye bari gu ñu bari tax na ñaari réew yooyu àttanatu nu 'een Ñu ñu leen bunduxataal. Looloo tax ba nu jàpp ci Yàlla jòg aw sowu. Amoon na ci seen biir ay jàngkat ak ay Sérif ñooñoo ngi taale seen jum ca daaray Pir ak Kokki. Loolu moo indi Lislaam ci Ndakaaru ak li ko wér.

IV - TASAAROOG LISLAAM CI XARÑUB XIX

Lislaam ci biir doxaliinu nguur ak dundiin ci xarñub XIX Lislaam diikk na ci tàkkal dex gi ca njalbéenu xarñub VII. Waa dex gi masu ñoo deñ di taxawu Lislaam te di ko tasaare ba ci XV. Looloo tax Lislaam nekk diinéy ñépp. Ba réew mi waree taxaw ci kanam tubaab bi ñëwóon ngir nangu ko Lislaam nekkoon na doole ak ngànnaya ci loxoy nit ñi ngir dajale nguur nguraan yi fi nekkoon démb.

V - LISLAAMU LAT JOOR JÓOB

Lat Joor Jóob ku xammoon lu mu bëgg la. Daanaka ngëmu Lat Joor ay pexe la woon ngir jot ci nguur gi. Waaye su gisee ci diiné ji lu wuuté ak bëgg-bëggam mu daldi def yeneen pexe. Loolu yomb naa leeral ci boo xoolee diggantéem ak kilifay diiné yi ci mujj gi dundam.

VI - SIIF MOO DI LIGGÉEYU CEDDO YI

Dundu baykat yi tiisoon na, tool yi ceddo yi dañu koy réppaje balaa ñor, la cay ñor ak as néew ñoo koy siit. Looloo waral njàqare li ak xiif bi. Ba ku nekk teg sa jë foc xam ngir daw toroxte mbaa ceddo yi jàpp la jaay.

VII - CEDDO YI AK KILIFAY DIINE YI

Jafe-jafe yu Kajoor yi feeñ na ci diggante ñaari mbooloo yi : ay ceddo yuy siif lu nekk ci yoxoy jàmbur Yàlla yu demul dikku ñu, teg ci di leen xoqtal. Ay booloo yuy dugg ci Lislaam ngir rawale seen bopp.

Mbooloo yooyu am na ñu ndimbalam Lislaam ci seen dund gépp : jàmm ak salaam ak dal.

VIII - XARE DIGGANTE CEDDO YI AK JULLIT YI

Ñaari mbooloo yooyu jafe woon na ñoo boole ci biir, genn nguur ci xaaжу ñaareel bi ci XVIII. Looloo tax xeex masuta ñàkk diggante ceddo yi gàddu ngannaay, ak jullit yi leen duut baaraam. Ceddo yi ñoo jëkk jekku, waaye, yàggul, ndax jullit yi song na ñu Dammeel ca njàmbur. Lenn ci ñoom làqu ji na ñu ca sowu jant.

IX - TUBAAB BI MU NGI GINAAWU RÉEW MI

Jullit yi mujj na ñu nekk mbooloo yu ëmb ay pexeem ci biir nit ñi.

Looloo tax ñu gis ci xarñub XIX ay songoo digante ceddo yi nga xamne bañatu ñu ci dara ngir saxal seen cér. Ci kanam jullit yi yi bëgga saxal te yaatal seen pas-pas. Ci diggante boobu la tubaab bi bëggée potoxlu ngir ginaawu réew mi. Mu ngi tåccu ñi gëna ëppël, te gënë jal gati. Mu ngi ñaawal ñi am pas-pas. Lépp ngir foqati nguur gi ci loxoy ceddo yi. Lépp ngir tasaare mbooloom jullit yi.

X - NOOTEEL AK JÀMMAARLOO


Ba fukkéelu xarñu ak juróom ñeent dikkée da fa indaale lu di gaawtu ak jëm kanam ak giiréo àddina bi ngir aakimoo la fa am ci ay gerte, déggoo jaayante ca seen ja bu réy ba. Ngir sampa ci yoon yu mag yi.

Waaye nooteel googu nekkoon na ci ay yoon yu tegaloo : Njaayante, samp tata, tëral raay, takk telefoon ak ngir gëstu dundu Afirig bi. Yooyu yépp may na ñu tubaab bi noot réew yu bari ci Afirig. Waaye nooteel googu tubaab bi daj na ci lu mu dul nettali, daje na ci ak ay góor ak ay jigéen : Àllaaji Omar TAAL mi doon jéema dajale réew ci turù Ljslaam.

XI - LENN CI JÀMBAARI JÀMMAARLOO BI

Ginaaw Sayxu Omar TAAL yeneen jàmbaar ñaw na ñu, ku ci mel ni Màbba Jaxu BA ca Senegàmbi ak Sunkari Yéeri KAMARA ak Fóode Silla TURÉ ci Kaasamaas, ak Mumadu Lamin DARAAME ci Bundu ak ñeneen ñoo xam ne dañ doon wattu seen nguur. Ku ci mel ni Lat Joor JÓOB ca Kajoor ak Alburi NJAAY ca Jolof ak Njëmbët MBÓOJ ca Waalo ak Musaa Móolo ki doon farandoo Tubaab bi.

Bokkoon na ca jàmbaar ya ku ñuy wax Fóodé Kabaa ca Fulaadu ak Alin Sitooye JAATA ak Giñaabo SAANE ak Sika LIBI ak Jaamaan ca Kaasamaas.

Nataal : Jolof gu mag ga

Buntu IV (ñeenteel bi)

JOLOF

Ci ag gàttal

Nu ngi askanale Jolof ci Njaa Jaan NJAAAY. Moom nit la woon koo xampe daana ka ay mbiram ay léeb la woon. Li ñu daan nettëli ci moom doyoon na kéemaan.

Jolof nag mu ngi sosu ci xarnub XIV ba nguurug Maali gu mag ga saayee, rawaate na la féeté woon ca sowu jant. Ba nguuru Jolof taxawee jélón na melokaanu nguur yu mag ya ko jiitu woon, waaye bàyyi woon na fa melokaanu càmm ak màng gi xewoon ci jamano. Li gëna siiw moo di Njaa Jaan NJAAAY doomi araab la bu ñuy wax Abaabakar ak Lingéer ab Tukulóor bu tudd Faatimata SÀLL. Moom Njaa Jaan NJAAAY def na ci réew mi ay liggéey yu réy.

Bokk na ci def wolof yi ñuy benn, tegg réew mi ci yoonu nguur wu leer, samp nguuru Waalo ba mu dëgër mu

daldi koy jox rakkam, sos nguuru Jolof gu mag ga ba mu yegg fa gëna kawe mu doora wàcce boppam. Looloo tax ña ko wuutu ñoo mottali liggeeyam ci xarñub XIV, waaye jotu ñoo moytu taste gu gaaw ca nguur gu mag ga.

Boo seetloo turi buur yu jëkk yi ci nguur gu mag gi di nga leen fekk ñu nekk fukk doñj. Seen péey nekkoon na céñj ca jamonoy Njaa Jaan NJAAY. ginaaw bi mu nekk warxoox, ci jamonoy biram Njéeme Kumba. Mbooleem buuri Jolof yi ñu ngi santon NJAAY. Réew yu bari bokkoon na ñu ci kilitéefu gu mag ga. Lu mel ne Senegaal ak Feleme ak Gàmbi nekkoon na ñu ci suufu Jolof gu mag ga. (yor jaawo) neena 1549 ca la nguur gu mag ga daanu. Waaye ci 1759 ñaar fukkéelu ak benn ci buuru Jolof bu ñuy wooye Biram Njéeme NDAW mi yoroon Jolof fukki at ak benn Jéemoon ngir dajale waat Kajoor ak Jolof. Looloo ngi xewoon ca mbasum Dammeel Maysa Biigé ci diggante 1748-1749.

Waaw Kajoor fàq na ci Jolof, Amari Ngóone sobel FAAL nangu na nguuru Bawol ginaaw ba Nijaayam (Teeñ Ñoxor NJAAY) faatü. Kajoor ak Bawol des nañu nekk benn ba faatug Amari Ngóone. Ganaaw bi lañu xàjjako ba ci 1695. Waaye ñoom ñaar ñépp Faaleen dedd moo leen yilifóon.

"Laaye biir gu jëm ci kiy jängale".

*Kiy jàngale de fa wara def gàttal yi ci téeré bi mu di
ndimbalam mu di ci suk ndikku balaay jàngale.*

BUURI JOLOF : CI TËRËB DAAWUDA NJAAY BUUNA

<i>Njaa Jaan NJAAY</i>	<i>Lat SAMBA</i>
<i>Saare Njaa JAAN</i>	<i>Giran Buri JALEEN</i>
<i>Ndiklaan SAARE</i>	<i>Biram Penda PAATAR</i>
<i>Ci Koli NDIKAAN</i>	<i>Biram Mbakori Penda</i>
<i>Layti Ci KOLI</i>	<i>Bakan Tamyagu</i>
<i>Jilaan Mbay LAYTI</i>	<i>Amadu Sayxu</i>
<i>Birima Njéeme ILEER</i>	<i>Lan Kodilu Majigéen NDAW</i>
<i>Tasi DAGOTIN</i>	<i>Mbakam BAAS</i>
<i>Biram Kura KAN</i>	<i>Mba Mbari NJUBU</i>
<i>Bukari Biigé SANGULEEN</i>	<i>Birima Kumba GEY</i>
<i>Biram Njéeme KUMBA</i>	<i>Al butaam</i>
<i>Lele Fuli Fakk 1549</i>	<i>Bakko Koddu Biigé FAAKONTE</i>
<i>Alburi Saar NDAW</i>	<i>Birima Aram XUREYJA</i>

Alburi NJAAY

Baka Penda XULE

Baa Kantam GAN

Alburi JAXEER

Biram Jigéen NDAW

Brawa KEME

Baane Paale Kumba NGOYE

*Lan Koddu Majigéen BAAY
FAAL Maalig*

*Biram Jigéen Baay Faal
Maalig*

Alburi Bady BIRIMA

Tanoor Faatim JENG

Bakan Tamxari JABOOR

I - JOLOF

Jolof boo ko dee xool dafa këll ca bunom dem na ba lag de geer, égg na Ferlo. Moom dafa xawa uuf Tooro ak Dimat ak Waalo ak Kajoor ak Bawol ak Saalum wàllu penku wi ndand fooy-fooy la. Jolof fu néew ñax la fu bekkoor la, bari na lool garabu werek.

II - WAA JOLOF

Waa Jolof nekkoon nañu ay giir yu wuute, booba ñu ngi ci seen gàddaay, joggé baj Gànnhaar jëm bëj Siin : giir yooyu ay Sééréer lañu ak ay Wolof ak ay tukulóor. Naari gànnhaar yi daana ñu song ñi dëkk ci takkal dex gi. Siiwu na ci nettali ñu naa ki jëkk dëkk foofu mu ngi tudd Njolofen Mbeng, mu ngi bokk ci xeetu Mànden. Turam la ñu jox réew mu jolof.

Moom moo fa jëkk a sos dëkk bu ñu daan wooye kàytti, moom mu ngi nekkoon ci wetu yen-yen.

III - NGUURU JOLOF GU MÀGG GA

Fuuta moo doon gën jaa màggi réew ci mbooleem gox yi. Loolu masu la deñ ba ci fukkéelu xarñu ak ñeent, moo tollook falug waa Tonjon.

Jamono jooju la Mànden yaatale seen nguur gu mag dale ca géej Atalantig ca bëj Gànnhaar ba bëj Siin ca

Gàmbi. Ci jamono jooju yit la nguuru Jolof nangoo boppam moo gënoona am solo ci réewu wolof yi ak Séeréer si ak ci mbooleem réew yi ci géej gi ci li ko dale ca bëj Gànnhaar ba bëj Siin, li ko dale Fuuta ba Siin.

Njaa Jaan NJAAY moo sos nguurug Jolof. Ay sëtam ñoo ko wuutu ca xarñub XIV ba XVI ba Jolof gu mag ga ñépp ragaloon.

Ëmbóon na Waalo ak Kajoor ak Bawol ak réew yi Séeréer si ak lenn ci Fuuta Tooro.

IV - NGUURUG JOLOF

Réew yu bari nangu na ñu seen bopp ci nguuru Jolof gu màgg ga. Kajoor moo jëkk nangu boppam topp ca Waalo ci njiitu Barag. Bawol ci njiitu Teeñ. Réew Séeréer si ci njiitu Buur. Jolof mujj na nekk réew ci réew yi ci diggante xarñub XVI ba XIX. Waaye Dammeel moom moo gënoona metti ak jàmmaarloo ak Buurba ca xareb Danki ba nga xam ne moo jëkk faagaagal nguuruk Jolof gu mag ga. Ganaaw loolu la xareb Mbisin ca 1697 foofa Kajoor moo jekku.

Ak xareb Ambaal ci 1760, ak xareb Gilé ci 1886.

V - SAAYUG NGUURU JOLOF

Bokk na ci li waral nguuruk Jolof saay ñaari noon yu doon xëccóo nguur ga ci xaajub ñaareel ci XIX. Noon bu jëkk bi mooy Tanoor JEJ. Noonub ñaareel ba mooy Amadu SAYXU.

Tanoor JEJ doomi Lingeer Kura NGOY, Song na Buurba ngir nangu na nguur ga. Ginaaw moom Amadu SAYXU nangu na nguur ga ci 1870. Yore na nguur ga ba 1875 booba la ñu ko jekkoo ca xareb Sàmba SAAJO. Ci noo nu la Jolof tåbbée ci loxoy Faraas ci 18 Awril 1885.

VI - ALBURI NJAAY

Su fekkeene daanug Lat Joor feeñ na ci taxawaayu jàmbaar yi ci kanamu tubaab bi, loolu terewul Alburi NJAAY jël Ndondol bañ ak fukki loxoom. Alburi tax na tubaab bi fàtte wul Lat Joor. Looloo tax tubaab bi doon ko xoole bëtu mbañeel ci fat gi mu fatoon Lat Joor.

VII - GÀDDAAAYUG ALBURI

Nooñantal gu metti gi tubaab biy teg waa réew mi te Alburi manu koo faj looloo tax mu génn réew mi dem fekki Aamadu TAAL doomu Sayxu Omar TAAL ca kolomina. Foofa la àndeeg moom di jàmmaarloo ak tubaab

bi ci luy dayob njàmbaar ba ci 1893 la Alburi daanu ci
Doosu, baatam ni Poto !

VIII - DUNDIINU WOLOF

Ca ñoom maam ñaari sant ñoo amoon : NJAAÝ ak JÓOB. Santi wolof yi ci des ñu gi joggé ci yeneen xeet yi. Lu mel ni FAAL ak JAAÑ ak JUUF. Ñu ngi joggé ci Séeréer si. Lu mel ni AAN ak KAN ak JÀLLO ak SÉY ak LÉY ñu ngi joggé ci Tukulóor yi. Lu ci mel ni KA ak BA ñu ngi joggé ci PËL yi. Lu ci mel ni SIISÉ moom mu ngi bawoo ci Saraxulle yi. Dundiinu wolof dañuy tegloo. Seen doxaliinu kér mu ngi tegu ci wàllu baay (geño), wàllu ndey doora ñëw (meen). Digaale yiy xew ci nit ñi tegloo ak gënéléante la : dañu naa ñi sang lañu, ñee baadoolo lañu, ñëlé ñeeño lañu, ña ca des ay jaam lañu.

IX - SANG YA

Bokk na ci Sang yi ñi ñuy wooye garmi ak Teeñ ak kangan ak boroom ndoombay tànk yi ci gox yi ak boroom dëkk yi ak doomi taara yi. Garmi ñooy ñi wara falu : ñoom ñooy waa njaayeen ca Jolof. Waaye Teeñ moom du falu ndax tànku ndeyam. Kangam yi ñoom ñooy dogal ci tund yi. Doomu taara moom mooy dogal ci dëkk yi, moom la ñuy wooye DOOMI BUUR.

X - BAADOOLO YI : MBAA ÑI DUL FALU


Dees na firee baadoolo mbooleem ñi dul falu.

Nooñu dañu leena wërale bépp war-war, te amu ñu benn sañ-sañ. Baadoolo yi ñoom ñooy jaambur yi walla ngane ñooy géer ñi : Ñoom ñoo moom seen bopp, te bokkuñu ci ñeeño yi.

XI - ÑEEÑO

Ñoom ñooy way xarala yi ak waykat yi : boo seetloo ñooy tamakat yi ak xalambaan yi ak maabo yi ak seeñaam yi ak lawbe yi géwal yi ak ñoole yi. Ñu mujj ñii ñoo nekk diggante jàmbur yi ak ñeeño yi seen liggéey mooy Jaraaf laaj galag yi.

Nataal : Waalo



Buntu V (juróoméel bi)

WAALO

Ci ag gàttal

Buuru Waalo dañu ko daa tann ca Péncum Seb ak Bawar. Waaye lakkal gu naar yi lakkal dëkk yi sës ci dex gi tax na ba waa dex gi gàddaay ci xarnub XVIII ba XIX jëm bëj Siin ca biir Senegaal. Bokk na ca dëkk yooyee xiiwoo ak gaawoo ak Jinge ak Njurbel gi nekkoon Péeyu réew ma ci ak jëkk, ci ganaaw gi Jinge moo mujj nekk péeyu Waalo. Waaye mujj toxu ca dëkk bu ñuy wax Ndeer te sës ca Lag de Geer. Toxu yu bari yooyu doy na tegtal ci dellu ganaaw ak ñàkk doole.

I - LINGEER AK AAWA**II - ÑATT CI BOROOM NDOMBOY TÀNK YU KAWE YI CI
PÉNCAM SEBAL BAWAR**

Nooñu ñooy : Jawdañ mi yor suuf si ak Jogomaay mi yor ndox ak maalaw mi yor koom-koom gi. Ginaaw ñooñu amoon na ñu qekkoon ci kér buur. Bokk na ca Meet moom mooy njiitu bëkk-néeg yi ak bëkk-néegu Njurbel moom mooy wax ci turu buur bi ak njiitu ñi yor baxan buur te mu gëna siiwe ci Baadi ak taawub buur. Moom mooy saytu néegu buur ak Fara Njurbel moom mooy njiitu tëggi weñ gu ñuul ak wurus yi. Ak Fara Juñ-Juñ bi moom mooy njiitu waykat yi.

III - BOROOM BAAT YI

Ka ca jëkk mooy Samba Lingeer ak Biriko ak Baadi ak Kangam ak Marooso ak Piccu ak Barlaf. Daanaka Waalo nit desa tu fa ndax ay cong yi joggé Gànnhaar ak ay xeex yu sax ci diggante sang yi. Moo tax ba ci xarñu XX waa Waalo ñu jublu woon ci seen gàddaay wàllu Saalum ak tèdd mi nekk diggante Kees ak Mbuur ak ci dëkk yu màgg yi ci réew mi.

Ba bisu tey Waaloo ngi jànkonteeeg coona ya joggé woon ca ñaayoo ga. Loolu mooy jur dellu ganaaw ak daanug Waalo, ba ku nekk di ko cokkaas : Taraasaa ak

Almaami ak Dàmmeel. Ki ci gënoona fés nag moo doon Faraas. Ganaaw ba Faraas rimbee Waalo ba mu nëx dakoo teeyal dëtëm ko ci ndimbalu Buden ak Porote ak Feddeerba mi ñëw seen ganaaw ci 1885. Booba la noote Waalo, te naa dafay xettali Waalo.

I - WAALO : BARAG

Buuru Waalo yilifóon na li dale ca géeju Atalantig ba Lag de Geer. Bokkoon na ci ñi dar Barag ñaari mbooloo : ba jëkk moo di Lingeer moom mooy yaayi buur bi, mooy njiitu jigéen ñi ci nguur gi, ak aawo, moom moo jëkk ci kér gi ci mbooleem jabar yi, moom moo am teraangay toog ca gangunaay ga.

Bu ñaareel ba moodi ñatt ci boroom ndombay tànk yi ci péncam sëb ak Bawar : Ñoom ñooy Jawdun mi yor suuf si ak Jogomaay mi yor ndox mi, mooy taxawu daje yi. Ak Maalaw mi yor koom-koom bi.

II - KËR BUUR

Bokk na ci ñi nekk kér Buur ku ñuy wooye meet moom moo di njiitu bëkk néeg yi ak bëkk-néeg Njurbel moom mooy wax ci turu buur ak kiy jiité ñi yor mbaxanam buur. Ak Baadi moom mooy njiitu doomi buur bi, mooy njiitu tëgg yi tëgg weñ gu ñuul ak wurus ak ñiy defaraat dàlli buur. Ak Fara Juñ-Juñ moom mooy njiitu way kat yi.

III - BOROOM NDOMBAY TÀNK YI

Nguur ga dañu koo séddalewoon ay gox, benn bu ci nekk amoon na bàijo buy dox mbiri buur bi (Sàmba Lingeer). Kàjj moom la ñu fal ci ndijjooru dex gi li ko dale

ca bi aarnik ba fa dex gay sottee. Buriko moom la ñu fal ci bëj Gànnaru Lag de Geer, mu ngi daan dëkk ca Foos. Baadi moom lañu fal ci li dale Sirigi ba Sinó Bowaal. Li des ci pal yi mu ngi ci kiliftéefu ñetti kangam yii : Marooso moo nga dëkkóon Boroso Piccóo moo nga dëkkóon Picco.

Barlaf moo nga dëkkóon ca sowu jànt Lag de Geer.

IV - GÀMMU

Màggal juddub yonnent, na ko Yàlla dollee gérëm, Barag daawul genn ci am at ludul ñaari yoon : bu jëkk bi ngir jiité lëlu xare. Bu ñaareel bi ngir teew ci xumbéeni gàmmu, moom ak waa këram. Mbooleem ñi yor ndombay tànk dañoo wara teew ci gàmmu gi. Képp ku wuute dees na la mbugal, benn ñu folli la mbaa sax ñu rey la, ndaxte seenuk teew li tuy tegtale moo di yeesal seenug nangu ak jébbële lañu lokki ak lañu siif. Mbooleem alal yooyu daanañu ko séddale ñetti xaaj : benn bi mu nga jëm ci buur ba, ñaareel bi mu ngi jëm ca péncum Séb ak Bawar. Bi ci des mu ngi jëm ci taxawal xumbéen yi, ndax gàmmu gi daana ànd ak xumbéen ak ay po ak ay jongante ak ay kàmb. Loolu daana mat bis ba bis ba dellusi.

V - JÀMMAARLOO DIGGANTE WAALO AK KAOOR

Barag Yirim Mbäig màbb na jaba ca ndóop ci xeex bu mu doon xeex mook Malikuri. Ba ko Dammeel Maysa

Biigé yégée dafa giñ ne dina fayyu. Waaye Njaag Aram Xaali fab Yirim Mbäñig bett na Dammeel daldi koy jekkoo ci siixi ya sës ca Njaane mu duut. Dammeel ba jam sél waaye Njaak Aram faatu na diir bu néew gannaaw ba mu ñibbée Ndeer. Jàmmaarloo ba des fa ci diggante Barag Naatago Aram ak Dammeel.

Diggante Waalo ak Kajoor masula neex ci xarñu XVIII ba XIX bi Dammeel nangoo as lëf ci Waalo ci 1763. Looloo ngi xewoon ci dundu Barag Naatago Aram.

VI - JÀMMARLOO DIGGANTE WAALO A NAAR YI

Deewug Naatago Aram waral na coono ak xeex yu mat fukki at ak juróom. Xare yooyu sànk na ñu koom-koomu Waalo ba buuri Waalo talatuñu seen warigaru doxal réew ma ak mokkal Kajoor.

Xare yooyu mu ngi dale ci Yirim Anta ba ca Fara Penda SÀLL. Léeg-léeg Naar yi jekku, léeg-léeg Barag jekku ku mu ci mana doon su jekkoo dal di térël ay dogal am ci dex gi. Ci jamanoy Fara Penda Waalo yéggóon na ba Lag riks-waaye mépp song daana dajeeg lu ko delloo. Song ma ca gëna metti mu nga xewee woon ca sowu jantu Dagana ci lu wara tollook ñetti kilomeetar.

VII - XAREB BIIRAM RÉEW


Xare biiram réew tàkk na ca Waalo ci jamano Fara Penda Aram Sàll. Naar yi ak tukulóor yi wàllisi na ñu ci xare bi. Loolu moo daaneel Fara Penda Aram Sàll. Booba la dawe ba yegg Merina Ngeen, daldi nangu Njàgge, téj yoonu Towoyé - Booba la benn kilifa diine bu tudd Mumad Omar bu doon dund ca Kajoor woote jiaar, waaye Barag jekku na Mumad Omar daldi wubbi yoonu Tawoye. Waaye Majaxeer jekkuna Almaami Budkar, daldi bóom Mumad Omar ca Risaa-Tool. Booba la Majaxeer songee Barag Farà Penda Aram daldi koy soril nguur gi mu daldi fay teg kajj Karfi. Loolu moo tax ba waa Waalo am ñaari buur, waaye ndawal Faraas wéyalul buuru ñaareel bi. Looloo tax ba xareb biiram réew sax fa lu tollu ci ñatti at ba kajj karfi daanu, Majaxeer daw jeggi dex gi.

TURI BUURI WAALO

<i>Njaa Jaan NJAAY</i>	<i>Fara Yirim</i>
<i>Barka (mook ndeyam)</i>	<i>Njaag Kumba Saam Jaxeer</i>
<i>Caaka Mbaar</i>	<i>Njaag Kumba Saam Jaxeer</i>
<i>Amad Faaduma</i>	<i>Fara Xéet</i>
<i>Luftu Numayga</i>	<i>Njaag Kumba Majigéen</i>
<i>Farna Numayga</i>	<i>Njaag Kumba Naar Saang</i>
<i>Cabati Numayga</i>	<i>Njaag Kumba Njaay</i>
<i>Faduma Numayga</i>	<i>Mbaan Naatago</i>
<i>Mbaañ Wàdd</i>	<i>Mambóoj Njaak</i>
<i>Fajo Wàdd</i>	<i>Yirim Mbañig Gilé</i>
<i>Dafo Wàdd</i>	<i>Fara Tókó Tabi</i>
<i>Ànta Yaasin (góor)</i>	<i>Yirim Koddu Giran</i>
<i>Yirim Mbañig Ndaw Demba</i>	<i>Fara Penda Tigrila</i>
<i>Tukubaa Mbóoj</i>	<i>Mambooj Maalig Aysa</i>
	<i>Daaro</i>
<i>Natago Ànta</i>	<i>Fara Penda Aadama Sàll</i>

<i>Caaka Daara Waxoot</i>	<i>Demba Aali</i>
<i>Natago Fara Njaag</i>	<i>Yirim Ànta</i>
<i>Natago Yirim</i>	<i>Yirim Koddu Fara Mbooma</i>
<i>Fara Penda Jen</i>	<i>Mbóoj Kumba</i>
<i>Taan Fara Njaak</i>	<i>Fara Penda Tigerel</i>
<i>Fara ko Jen</i>	<i>Njaag Kumba Morigé</i>
<i>Fara Kura ko Jóob</i>	<i>Saydu Yaasin Mbóoj</i>
<i>Fara Penda Laga Ndeen</i>	<i>Aram Faati Boroso (Yaayu Njamba)</i>
<i>Fara Kor Ndaama</i>	<i>Yirim Mbañig</i>
<i>Fara Aysa Naalew</i>	<i>Xayer Fàr Xayeri Daaro</i>
<i>Natago Xari Daaro</i>	
<i>Barcaaka</i>	
<i>Yirim Mbañig Aram Bakk</i>	
<i>Njaag Aram Bakar</i>	
<i>Yirim Ndate Buubu</i>	

Nataal : Kajoor



Buntu VI (juróom Benneel bi)

KAJOOR

Ci ag gàttal

Ci kàddu gi ak col gi ak jaagar-jaagar ji nit uk Kajoor xaw naa nekk seetub Senegaal. Kajoor nag mook Jolof ñoo yem, seen dundiin tegaloo la. Dammeel ca kaw, di séddële ndombay tànk yi, mu ngi joqarbi sowu jant, di yuuxu Bawol, di xupp Waalo, baatam fees na asamaan ak suuf. Turam mu ngi ci gémmeñ yépp waaw, ba Kajoor jengóo ci kanam Jolof gu mag ga sos nguur am. Samp tē ci kanam Jolof ba tey Kajoor mu ngi nekk daaray doxalin yi ak jàmbaar yi ak ñu xàmmee ñi.

Ba Tubaab bi bëggée nangu réew mi ci xarñub XIX Kajoor wan na ko fan la réewam tollu ci xolu nit ñi. Lan la jàmbaari réew mi donn ci seeni maam, ci njàmbaar ak xàmmee ak ngëm ak yitte ak cang. Xam naa li tax ñu def Lat Joor Jóob jàmbaari réew mi mu ngi jóge ci bii

taxawaay bu Kajoor taxaw ci kanam Tubaab bi. Ndax fii ci Senegaal ay jambaar yu amul ndénd ci xare ci xam-xam ci diine ci ñaww ak dégg jamano, def na ñu ci réew mi ak réew yi ko wër lu fi Kajoor deful kon nag ñi jox Lat Joor Jóob ndombam gi gëna réy ci réew mi, ñoo ña dañoo niróo ak moo ci jiital seen pexem bopp ci seen diine ak gisin wu gëna kawe. Waaye nag su Lat Joor joxee boppam Kajoor, def lu moroomam masula def ci Kajoor ba des ca. Su Lat Joor wanee Tubaab bi lu mel ni kaata te booba ndaw la lu yeggagul fenn ci ay at. Sujñu Leeraloon nit ñi taxawaayu Lat Joor ñu bari ci doomi réew mi ñoo koy rangal manoore, njambaar ak dogu. Cér bu Lat Joor am xelam réew mi ak teraangaam yegg na ca, romb na ko sax. Waaye ñu fuuf Lat Joor ci njàmbar ci xàmmee ci tekki ci yaatu ak màgg taxawaay ñoo fees Jolof ak Waalo ak Siin Saalum ak penku ^{bi} ñi ak bëj Siin. Waaye Lat Joor ci gisiin ^{ñi} ko tann ci fi mu doon dunde li mu jota def jarna ñu rangal ko ngir mu des ci xelam nit ñi.

Kon nag ndombo gi moyul boroom ci nguur ak ci aada.

I - KAJOOR, DUNDIN : TEGALOO

Kajoor tegaloo la ñuy dunde, loolootax ñu séddaloo ñaari xaaj : xaaj buy wooye boppam gor, ak bu ñuy wooye JAAM. Gor ñi daa na ñu séddaloo ñaari xaaj : xaaj buy falu, ñoom lañuy wooye Garmi, ak xaaj buy dar nguur gi, ñoom ñooy jaambur yi. Garmi yi nekk na ñu néeg yoo xam nè ci wàllu meen la ñuy donnantee, ñoom ñooy Mooy ak Gaado ak Saño ak Tooroobe ak Beeñ ak Gelawaar ak Géej.

II - TAXAWAAYU JAAMBUR

Baatu jaambur li mu daan tekki moodi ñi daan saytu suuf si ñu gën leena xàmmee ci Laman. Ñoo daa doxal baatu nguur gi ca gox ya. Am na ñu yit waneen tur moodi kangam. Man na ñu leena fekk ci dajey nguur gi ñuy wuutu jaambur yi ci bu ñuy tann ki wara falu.

III - BAADOOLO

Ñoom ay gor la ñu, waaye sori gi ñu sori nguur gi moo tax ñoo gën a suufe ci gor ñépp. Amoon nañu seen àq ci li aju ci doxaliin réew ni ko jaambur ame. Waaye lenn ci jaambur yi duñu liggéeye seen loxo ndax dañoo gis ne loolu day ta xa niréo ak ñenn ñi. Looloo tax ba li ëpp ci ñoom mbay dojj la ñu def. Ba tax ñoo ëpp ci baykat ci réew mi.

IV - JAAMU BUUR

Ñoom ñoo sës rëkk ci buur bi, dees na leen wooye Fekk bâyyi. Ñoom nak lu nguur man a soppeku ñoom ci kér buur la ñuy des, kenn ci Dammeel yi moomuleen. Waaye mujj na loolu deñ ba ñu teg fa jaamu Meen ci xarñub XVII.

V - JAAMU BAADOOLO

Ñoom ñoo nekk ci loxoy gor ñi, ñoom ñaari xaaj la ñu : bu jëkk bi ñu koy wooye Jaamu Sayoor moo di jaam bu ñuy door a jënd, moom manees na koo jaay bu la neexee. Bu ñaareel bi mooy Jaamu Juddu, moom jaamu néeg bi la, daanaka mook doomi néeg bi ñoo bokk ay mbir, xel demul ci jaay ko. Manees na koo def ab surga ca tool ya mbaa ci kér gi.

VI - AG NAWLOO

Su fekkeene ak duggante am na ci diggante doxalin yi ak dundiin wi, loolu terewul nit ku nekk sab juddu da lay topp, foo bokk moo la fay boole. Foofa la ñu teg séddale gi ñu séddale liggéey yi. ci misaal : gor ñi ñaari xaaj la ñu, ñu jëkk ñi ñu ngi leen di wooye GÉER ñi ci des ñu ngi leen di wooye ÑEEÑO su ko defee ku nekk seet sa nawle jéema dund ak moom.

VII - TĒRUG KOOM-KOOM

Ci ag tēnk

Lu jiitu tubaab yi ñëw réew mi dane woon gànñ ak koom-koom, moo xam mbay la mbaa liggéey ci loxo mbaa njaay.

VIII - MBAY

Mbay moo gënoona am solo ci mbooleem liggéey yi ci réew mi. Looloo tax ba su baykat yi amul jàmm mu daldi feeñ ci ñorte li, man na waral sax ab xiif. Dugub moo ëppón ci dundu nit ñi. Réew mi bari woon na garabu tiir yu daa indi diw tiir ak am sëng. Xammoon na ñu it mbayum wëttéen, daana ñu ci boole càmm gi.

IX - LIGGÉEY CI LOXO AK NJAAY

Liggéey ak loxo ñeeño yi la ñu ko féetale woon. Napp gi amoon na solo lool ci dund bi. Waay njaay moom na ka jekk ca qarñub XVI Tubaab bi moo ko aakimoo. Mujj na yoon yi joggé bëj Gànnhaar ñàkk solo ci njëgg mi.

Booba fekk na géej gi di gëna am solo, fekkoon na Kajoor daa jaay ay der ak bëñi ñayy mu daldi cay dolli njaayum jaam, ngir am ay fas ak piis ak weñ gu ñuul.

X - JUMTUKAAY YI

Suuf moodoon jumtukaay bi ëpp solo, moom ñépp ko bokkoon. Ni ñuy wooye kangam yi mbaa Laman ñoo ko saytuwoon. Benn nit amu ci woon moomeel. Loolu terewul ku mu masa neex mu jariñoo ci kéem kàttanam.

XI - DOOLE JU BEES JI

Nguur gu bees gi jële na fi ñi saytu woon suuf si ci gox yi. Niy doora falu ñoo yoral seen bopp suuf si walla bokk ñu dénk ko ñeneen ñu bokk ci ceddo yi. Looloo waral jalgati gi ak bundxataal gi ñu teg ci kaw gor ñi njotti bopp yu kenn àttanul, rax ci dolli mayu ñu leen fu ñu yakke seenug nakk.

XII - LIGGÉEYKAT YI

Su fekkeene suuf si toxu na ci ay loxo dem ci ñeneen, li jëm ci liggéey ak loxo moo des ci loxoy ñeeño yi. Looloo tax ba géer ñi sori nguur gi, ak ñeeño yi ak jaam yi ñu féetale woon ci mbay mi, ñoom ñépp mujj nañu nekk ay liggéeykat. Ñoom ñoo féetéwoo indi lépp lu nit ñi soxlo ci dund ak takkaay ak col ak ay njéfandukaay.

XIII - TËRUB DOXALIN AK ÀTTE

Nguur gu bees gi tax na ñu indi tér yu bees ci ay àtte yu bees. Dammeel moo féeté woon ñépp kaw. Moom

mu ngi daan sant Faal ci geño ak ci meen. Man naa am ñu tann Dammeel fu dul geño mbaa meenum Faaleen. Waaye loolu su xewee li koy waral moo di fullay waaja ak faydaam ak tabe gu mu tabe. Yii yépp ñiy tann daa na ñu ci båyyi xel.

XIV - LAWAX

Ni nga xamnee noonu la ab lawax wara mel laaj na ñiy tann xam ko bu baax. Su ñaar dee xëccu pal gi warna ci ñoom ñaar ñépp ñu bokk nekk ay Jaambur, mbaa ay bummi mbaa ay beñ jéem. Su ñu bokkee lu ñuy nekk ñiy tann dellu seet seen jikkó ak nu ñuy àtte ak kenn ku nekk ci ñoom ñaar nooy jëfandikóo su mbir nee këtt ne jonn. Lii doy na tegtal ci ne tann ba ñu daa tann nekk na tann bu set wecc. Loolu terewul nguurga nekk ndono ci bu amee ku ko wara donn.

XV - TËRUB ÀTTE BI

Kajoor nekkoon na juróomi tund : bokk na ca ganjóol ak Njaambur ci bëj Gànnhaar ak Ngéet ca penku ak Sañaxoor ca digg Kajoor ak Jandeer ca diggante sowu ak Siin. Su ñu tannee Dammeel dafa wara séddale fa saasa ndombay tànk yu mag yi ba ku nekk xam foo féeté. Waaye ci geenu xarñub XVII Dammeel joxe na ndigël ci ñu tekki ndombay tànk yooya takkal ko ñi cosaanoo ngàllo te féeté ci kér buur.

XVI - DOXALINU TUNDI KAOJOR

Garmi yi ak Jaambur yi seen cér ci doxal àtte yi mungu yem ci tund yi. Ndaxte tund yooyu seen àtte bånqaas la woon yu ñu féetale ak garmi yi walla kàngam yi. Su ko defee ñu jélé ay ndigël ca kaw tey jottali lépp lu am solo kilifa ya ca kaw.

XVII - COPPITE GI CA KAOJOR

Ay soppiku xew na ci nguuru Kajoor ci xaaju ñaareel bi ci xarñub XVIII ba ci jeexital xarñub XVIII. Bokk na ci li waral soppiku yooyu xew ci àtte yi njaayum jaammu metti mi ak ndëng gu metti giy dox ci àtte yi. Ndax bu jékkón yéf yi gënoon na fee maandu, waaye nguur gu bees gi bundxataal na nit ñi.

XVIII - GIS-GISU BAADOOLO CI DIGGANTE TUBAAB BI AK LAT JOOR

Sunu settantalee nekkinu baadolo yi ci biir xeex ab Lat Joor ak Tubaab bi di na nu gis ne baadolo féeté wu ñu woon fenn ci ñaari wàll yi. Ndax bépp jafe-jafe da leen di xañ seen jàmm ak seen salaam, teg ca li ñu nekke woon ak ceddo yi ci siif ak moyaal ak faagaagal ak jàngoro yu dëkk te tas. Benn pexe donj la baadolo amoona ngir mucc ci Lat Joor ak ay ceddoom moo di gàddaay, ndax ñoom dañoo fas ne Lat Joor aaruleen, nekkul woon seen

jàmbaar. Looloo tax ba nekk ci ñoom di fexe nu muy fekkee ay bokkam ca sowu jànt ngir mëna làqu ci kaaraangey Tubaab bi. Ci loolu kon baadolo yi dañu ne woon siiw Tubaab bi nangu réew mi ci loxoy ceddo yi nga xamne nekke lu ñu fi woon lu dul seen bopp.

XIX - LAT JOOR AK MBOOTAAYUG LISLAAM GI ŋEMB SENEGÀMBI

Su fekke ne baadolo yi ñu ngi wuta mucc ci Lat Joor, di daw ngir moom seen bopp, loolu mooy tekki ne xeex ab Lat Joor ak Tubaab bi ñi ci doon jariñu ñoo di sang yi ak ceddo yi daan lokki. Xeex bi kay nekkoon na xeexu sang yi ci kaw baadolo yi. Rax ci dolli Lat Joor demoon na ci ba bëgga sàmp aw raayam ci kaw Raayam Senegàmbi wi nekkoon raayam bennoo wi manoona dékku Tubaab bi. Ci ag gàttal Lat Joor lu mu jiitéwul amu ca soxla ak lumu mana doon moo xam mbooloo la mbaa Lislaam.

AS LËF CI LEERAL

Dàkkantalu Dammeel mu ngi joggé ca ba Lamam Decceefu mi ñu dàkkantal baayam NJOOGU jëkkóona Leli fuli fakk buuru Jolof ci xareb Danki foofa la Lama siiwale njott gi Kajoor jot boppam ci nooneelug Jolof. Keroog la jaamburi Kajoor ne Laman Decceefu dàmm na la leen yee woon ca Jolof. Ci misaal deg gi leen daan jam dàmm na, booba lañu ko dàkkantale Dammeel.

Néeg yii ñooy falu ci waa Paaléen : Kér Cee Yaasin,
Kér Cée Ndeela, Kér Cee Yala.

Ci gis-gisu Seex Ànta gëstukat bu mag boobu mooy xamuñu ci moom lu bari. Waaye UWGADU nee na ñu mooy cosaani yaayi Deccee fu Njóogu Faal. Nee na ñu yaayam mu nga jógé UWGADU ca Péeyu GAANA, sooñaan neg seen cosaan soosela, Gelawaar cosaanam séeréer la ca Siin Saalum, Doroobe cosaanam pël la mbaa Tukulóor; Beeñ nag bokkul woon ci néeg yi daa falu, waaye ñi wara falu ñoo fa daa jël soxna ngir baaxantal, loolu moo ko boole ci néeg yiy falu. Lat Sukaabe Yaasin Faal moo jox boppam dàkkantalu Géej ngir ragal aw turam réer ci biir turi baadoolo yi. Li waral loolu moo di maami Lat Sukaabe naar yi ñoo ko dàqee woon ca tàkkal dex ga mu dem dëkk ca xeru géej ga.


Ci nii ko Seex Ànta waxee Lat Sukaabe Yaasin Faal doomam warul woona falu, waaye njàmbaar ak xamnee ñoo jotale doomam Dammeel Maysa Tenda ci nguur gi ci 1719 ba 1748.

TUR AK DÀKKANTALI BUURI KAOOR

<i>Deccéefu Njóogu - 1549</i>	<i>Maawo</i>
<i>Amari Ngóone Sobel</i>	<i>Biram Koddu</i>
<i>Maa Sàmba Tàkko</i>	<i>Maajoor (2)</i>
<i>Ma Xurayja Koli</i>	<i>Makoddu (1)</i>
<i>Biram Mànga</i>	<i>Biram Faatim Penda</i>
<i>Daaw Demba</i>	<i>Amari Ngóone Ndeela Kumba</i>
<i>Maajoor (1)</i>	<i>Birima Fatma Cub</i>
<i>Biram Yaasin Buubu</i>	<i>Maysa Tenda (2)</i>
<i>Décce Maram</i>	<i>Birima</i>
<i>Maa Faali</i>	<i>Makoddu (2)</i>
<i>Ma xurayja Kumba Joojo</i>	<i>Majoojo</i>
<i>Biram Penda Ciloor</i>	<i>Lat Joor Ngóone Faal</i>
<i>Décce Calaw</i>	<i>Lat Joor Ngóone Faal</i>
<i>Lat Sukaabe</i>	<i>Sàmba Yaasin Faal</i>
<i>Maysa Sukaabe</i>	<i>Sàmba Lawbe Faal</i>
<i>Maysa Tenda</i>	
<i>Maysa Bijigé</i>	

Bari aan na bu ñu fekkee turu wolof mu ànd al (Ma) ci misaal : Maa Joojo ak Mafaal léeg-léeg mu taq ci tur wi léeg-léeg mu bañcee taq. Li waral (Ma) booba moo di jeexitu Lislaam ci turi wolof yi, ndax (Ma) mu ngi jógé ci Mumadu.

Nataal : Réewu lébu



Buntu VII (juróom ñaareel)

LÉBU GI

Ci ag gàttal

Li gëna siiw ci wax yi dëppoo na ñu ci Lébu yi ñu gi bawoo Gànnhaar. Nee na ñu am jaxax lañu diggante wolof ak Séeréer. Ñu nga dëkkóon ca tàkkal dex ga ca fu ñiy wax Kas-Kas ak Njum, foofa lañu jógé jaar Jolof def fa ab diir jàll Kajoor toog fa lu neexe Yàlla. Waaye ba ñu yeggee ak xat ak ay jalcati dañoo daldi gàddaay jëm sowu jànt booba la ñu egsee Jandeer foofa lañu mujj waaye bañu fa yàggee suuf sa doyatu leen, ñu mujj tasaaroo : yii giir aw sowu be yegg Kabweer, ñii wàcc fii Kunun nekk lèegi, ñii jublu fii ci géej gi dal di sanc Tégéej ak Bàrñi. Toxu-toxu yooyu li muy tegtale moodi Lébu yi masu ñoo muñ nooteel. Fuñu leen nare gétène ñu gàddaay. Mankoo woon na ñu dal ci kaw Dammeel Amari Ngóone Kumba ba muy doora falu ci 1790 ba 1809 ci njiitu kenn ci sëriñ sa jógé woon Kokki, Maasàmba Jóob Kenn la woon ci sëriñ soosu. Moom mu

ngi wàccoon ca Caddéem ca kér Taagooli Xari Mbeng. Góor gi Taagooli gis na ci ganam jikkó yu rafet ak fas yéenée jaxasoo ak nit ñi, mu daldi koy may doomam (Ngóone Mbeng) yaayi Jal JÓOB njiit um ña lankoon ci kanam Dammeel. Kon nag Lébu yi masu ñoo deññ di fexe ca jamono ya sëriñ sa da we woon (Paloo) ak (Pir) ca baleen Dammeel Jekkoo, ñu aw sowu jànt ci njiitu Maxtaar Maamur Jóob.

Masu ñoo deññ di tabax ay tata ngir bañ Dammeel bett leen. Kabweer lank mooy seen baax, rawante naak sëriñ sq. Ci loolu lañu nekkoon ba Dammeel Birima Fatma Cubb^{ella} 1809-0832 moom moo leen jox seen bopp ci njiitu Jal Jóob mi jot lébu yi.

Moo jëkk nekk Sëriñ Ndakaaru, moo taxawal nguuru Lislaam gu melni ga woon ca Almaami Fuuta ci 1776. Seen doxalin nii la meloon : péncam Jaambur ak péncam Jaqmbur pénc. Nii lañu digaale woon : (1) Sëriñ Ndakaaru (2) Ndey-Ji-réew ak Ndey Jaqmbur (3) Jaraaf ak Saltige ak Imaam (4) Boroom dëkk mbaa boroom pénc.

Sëriñ sa takk na ñu ab xare ci njiitu Maxtaar Maamur Jóob ak Amadu Faaxujja ak Sëriñ Kokki ak Madun Mbay te gëna siiw ci Sëriñ Ñomre. Xare ba muniga xewe woon Paloo beneen ba ca Pir ginaaw ba la ñu daw dem sowu jànt.

I - LÉBU GI

Neexaaayu lébu gi ca yooya jamano ak yombaayu dund ba ak dundin bu dëppoo ak doxalin bu jox bépp nit jàmmam ak teraanga ja mu yellool moo def Kabweer dalub jàmm bu amul fenn.

MELOKAANU DUNN BU

Dunn la bay xuus ci lëgg mi, ay tund moo ko wër, beeñ bu nooy te raffett moo ko lal. Garab yu réy kér yu yaatu te féex, garab yoo xamne dégg na nu te fekke lu bari ci xew-xewi jamano. Kuy tukki soo rombee garab yooyu su la péex ma téyéwul raffetaayu baraloo man nà laa yàggal, kéemaan la ci taar. Sowu jànt gépp mènkoo na ñu ci ak nak ndendam. Turam nag mu ngi ko jélé ci benn tukkikat bu tudd Dinaas JAAS, moom waa Purtugees la. Looloo ngi xewe woon ci 1444.

II - LÉBUYI NJAXAS LAÑU

Lébu yi am njaxas lañu diggante wolof ak Séeréer.

Lii dina gëna dëggu sunu xoolee ci seen aada yi ak seen dundin ni ñuy baye ak seen làkk. Seenug bokk gën naa leer ci seen tur yi : Jonn ak Fay ak Ngom. Nee na ñu Lébu yi ñu ngi bawoo ooda ci Gànnhaar te neenañu yit

ñoom ak Séeréer si ñoo fa nekkoon ci gën jaa raffeti dëkkin.

III - KAL CI DIGGANTE LÉBU AK SÉERÉER AK TUKULÓOR

Daw nooteel moo jële Lébu yi ca bëj Gànnhaar, ba mu ko defee ñu jaxasoo ak yeneen xeet yi. Nii gàddaay aw Fuuta Tooro fa sës ca Lag de Geer. Looloo ngi xewoon ci xarñub XII ba XIII. Dëppoo na ñu ci ne Kas-Kas ak Njum Lébu yi ñoo ko sancoo. Am na beneen dëkk bu tudd Njum ci wetu Lag de Geer.

Rax si dolli Lébu dañuy kal ak Tukulóor yi ak Séeréer si. Waaye duñu kal ak Wolof yi.

IV - GÀDDAAAYUG LÉBU YI

Lébu yi nekk na ñu ca Fuuta ba xarñub XV jeex, mooy yemook congom Diniyanikooba ca réew ma. Booba fekk na ñu joggé Lag de Geer ca xarñub XIII ndaxte Naar yi ñooleen mayul fu ñu yakkee seenug nakk.

Booba lañu jublóo Jolof ngir làqu. Bañu fa joggée làqu ji nañ Kajoor toog nañu ca Kajoor ak jàmm ba xarñub XVI. Waaye ba nu dàqée ña mujjón ca réew ma ñu fekk si ñi jiitu woon mu xat coono ya juddu ak tiis ya te loolu waa Kajoor daawu ñu ko def seen gan.

V - LÉBU YI YEGSI NAÑU JANDEER

Lébu yi ñëw na ñu Jandeer, mooy seen dal bu mujj.

Loolu mu ngi xewoon ca xarñub XVIII booba la ñu sañcee seen sañc bu mujj. Waaye xëccóo yi jeexagul. Ki gëna siiw ca njit ya moodi Jal Jóob, mooy njit mi jékka jox Lébu yi seen bopp. Lébu yi sañcoon nañu ay dëkk yu bari ca li wér déegab Tanma : bokk na ca dëkk yooya Mbeeram Calaan ak Tóor ak Caddéem. Dëkkóon na ñu fa ak Séeréeri Noon yi ci jàmm. Waaye ba ñu fa yàggee tool ya xat na ci ñoom. Ca booba la am ci ñoom ñu toxu jëm penku foofa lañu sañc Kunuun ak TËDJÉEJ ak BÀRÑI. Amoon na ñu jublu woon tànk, booba benn dëkku Soose moo fa am bu ñuy wax Colom.

VI - DËKKU LÉBU BU JËKK CI JËLËGU AFIRIG

Colom moo jëkk ci dëkku Lébu yi ci jëlëg bi mu ngi nekkoon diggante Kér Masaar ak Yëmbël Ginaaw bi la ñu sos Mbaaw gu mag ak gu ndaw. Amoon na ñaari mbooloo yu jublu woon ca jëlëg ba fa ñuy wax Sumbéjun.

VII - NJOTOOG LÉBU YI

Mbootaayug Lébu yi yëngal na ñaari nguuru Dammeel yi làmboon sowu jànt ci jamono Amari Ngóone Kumba diggante 1790-1809. Dammeel bi ñëw ci gannaaw

am ñu di ko wooye Birima Fatma Cubb 1809-1832 moo jox Lébu yi seen bopp. Kon góor gu ñuy wax Taagóoli Xari Mbeng mi di njiitu caddéem. Moom moo dalal Sériñ Sàmba Jóob may ko doomam Xari Mbeng mu am ca Jal Jóob Sériñ Ndakaaru bu jëkk. Moom la Lébu yi santon mu tabax tata ngir fàñq cokkaas yi Kajoor daa cokkaas.

VIII - XËCCÓO DIGGANTE SÉRIÑ SI AK CEDDO YI

Sériñ si xiir na ñu waa Kajoor ci kaw Dammeel Amari Ngóone Kumba ca at ma mu faloo. Looloo sulli xëccóo ba diggante sériñ sa ak ceddo ya. Jekkoo na ñu sériñ sa ca Paloo ak ca Pir ñu daw jublu sowu jànt ci njiitam Maxtaar Maamur Jóob ci 1790. Looloo tax waa sowu jànt masu ñoo deñ di séentu songam Dammeel. Looloo tax it ñu sant Jal Jóob mu def lépp lu mu laaj ngir aar réew mi ci Dammeel. Loaloo waral songam ceddo yi, Lébu yi jóg dajeeg ñoom ca Lofe diggante Mbijam ak Tayba waaye songoo ba amul solo.

IX - DIG WU BEES WI

Ba jàmbaari Lébu yi jógée lofe seen xel dem na ci fagaru balaa leen Dammeel di bett. Si noonu la ñu tabax tata joo xamne beroon na sowu jànt ci wàllu bëj Gànnaaÿ, tata ja mu ngi jaeroon ci Lañs Bernaar. Dammeel songaat na waaye amul ndam mu dellu. Ñu defaat tata ñaareel ba, ñatteel ba, ñeenteel ba, ça booba la ñuy doora am jàmm ju

sax. Bi buur bu ñuy wax Birima Fatma Cubb faloo jox na Lébu gi seen bopp. Booba la diggu Kajoor ak sowu jànt ca, siis ga moom garab la gu nekk diggante CAAREY ak MBATAL ba yegg YOOF ca tefes ga ca waañu Aali SÀMB.

Su ko defee dig wi mujj mu ngi jaar ci diggante déeg bu ñuy wax yonni ak Mbëbës.

X - NGUURUG LÉBU YI CI DIINE LA TEGU

Si noonu la nguurug lébu yi sosoo, booba ñu ngi tollu ci 100 000 ciy nit. Nu tànn Jal JÓOB jox ko dàkkantaly Sëriñ Ndakaaru. Ca booba la néegub Jóobéen taxawale baatu Lislaam ci biir Lébu yi. Ci loolu la nguur ga nekke nguuru Lislaam goo xam ne sëriñ saa ko jiite, ñu roy ko ci nguuru Almaami ca dex ga. Ñaari nguur yi ñu ngi daa sukkandikoo ci Alquraan ak Sunna.

XI - DUNDIINU LÉBU YI

Dundiinu Lébu mu ngi tegu ci seen dundiin ak cosaanu néeg yi. Bu ko defee ñu ngi nekk ñaari mbooloo : giirag Sàmb Jun gi nekkoon ca sowu ba giirag beeñ gi nekkoon ca bëj Gànnhaar.

Waa Sàmb Jun nekk na ñu juróom benni xaaj, waa Beeñ nekk na ñu ñetti xaaj. Bépp giir amna tur wu mu siiwe.

XII - SÀMB JUN

Waa Sàmb Jun ñoo dalloon ca Jëlég ba daldi fa sànc ay dëkk bokk na ca Yoof ak Wakaam ak Ngor. Seen njiit mu ngi santon MBENG moom mu ngi féete woon Yoof. Ni sant GÉY ñoo nekk Wakaam : kaam turu garab la, ni sant SÀMB ñoo nekk Ngor : ñoom ñooy xonx bopp ak waneer ak jaasiraatu.

XIII - WAA BEEÑ

Noom ñooy Lébu yi sosoo seen dëkk ca beeñu bëg Gànnhaar ca tefes ga ñu fab di leen wooye turu dalba. Waa beeñ ñooy : Sumbaar ak xaagaan ak Dombur ak CIICOOF ak YUUR ak AAY.

Doom yu juddóo ci ab séy dañu leen di jox turu néeg ba (geño), ci misaal NDÓOY mbaa MBENG mbaa JÉEN mbaa SÀMB..., waaye nak da nañu ci dolli seen turu yaay ngir tegtale cosaanal yaay ja. Léeg-léeg ñu gis Lébu bu yor turu wolo mbaa turu tukulóor mbaa turu Séeréer : GÉY, JÓOB, JUUF, FAY, MBAY.

XIV - DOXALINU RÉEW CI LÉBU YI

Réewu Lébu yi mu ngi daan doxe ci xaaj bu jékk bi ci xarñub XIX ba dikkug Tubaab bi. Péncu Lébu yi moo

*daan doxal réew mi, moom nekkoon na ñaari xaaj :
Péncum jaamburi Ndakaaru ak jaamburi pénc.*


*Njiit yi dana ñu nekk ñaari xaaj : bu jaambur yi tann
ñoooy sëriñ Ndakaaru ak Ndey-ji-réew ak Ndeyi-jaambur.
Xaaju ñaareel bi Sëriñ Ndakaaru moo koy tann, boobu xaaj
mooy JARAAF ak SALTIGE ak ILIMAAN gi nga xamne
mooy doon XAALI ji.*

*Si ganuaw bi sëriñ Ndakaaru bàyyi na lenni
taxawaay yi ci loxo Jaraaf ak Saltigé ak Ilimaan. Waaye bi
Farañs ñëwée ci réew mi ndombay tank yooyu yépp mujj
nañu nekk turu kese.*

XV - ILIMAANU JUMAA

*Ilimaanu Jumaa nekkoon na njiiitu diine ak àtte bu
màgg. Mbiri diine amoon na solo lool ci dundiinu Lébu,
ndax ñoom ba ñuy doora ñëw da ñu daan jaamu xëram ak
sàmp ay xàmb. Sëriñ sa def na ñu luñu man ngir nit ñi
dugg ci diine Lislaam te àtte woo Sariyaa. Waaye ba léegi
diiney maam am na ñu ay desit. Ba tey am na ay meen yu
am ay tuur. Waaye lenni jigéen ak li ëpp ci góor ñi sori na
ñu lu aju ci xëram.*

Nataal : Siin Saalum



Buntu VIII (Juróom ñetteel)

SIIN-SAALUM

Ci ag gàttal

Màbba Jaxu BA mu ngi juddu ci 1810 ci Rip, Sayxu Omar TAAAL moo ko dénk jiitu yoonu Tijjaan ci Senegaal. Loolu mu ngi xewe ca Kaba Tóoki ci 1846. Màbba moo jeexal nguur Mànđen ci Rip ganaaw ba mu rayee seen buur Jeeri BA MARÓON ci 1861. Booba lañu ko wooye Almaami Rip. Li ko taxoona jóg moo di : aar baykat yi ak dox diggante ceddo yi ak nit ñi ak tasaare diine Lislaam ci Senegàmbi. Looloo tax Màbba Jaxu def lumu man ngir dajale jullit yi ci ñaari gox ngir jàñkuwaante ak tubaab bi. Dimbalina Makoddu ci kaw Sàmba Lawbe FAAL ci Saalum. Ginaaw ga mu ñaareel ci Kawlax Farañs nangu na taxawaayam ci Rip ci 1864. Ba Lat Joor amee jafe-jafe ci kanam Tubaab bi ca Looro dawe na fa ànd na ak mbokkam Alburi NJAAY ak seenub lël ñëw wàllusi. Lat Joor ànd ak Faraas ci Bawol ak Kajoor ak Jolof. Looloo tax mu bind

Fedeerba leetar ne ko : "xaw ma lu la dugal ci mbiri Jolof ak Kajoorak Bawol ak Siin ak Saalum". Ci 1867 la song Buur Siin Kumba Ndóoféen Faamag. Ba yaakaar jéexee ca xare ba Lat Joor ak Alburi NJAAY sàqi na ñu, bàyyi Màbba ca xareb Somb, foofa la ^{Mabba} Mbëg des moom ak doomam.

I - SIIN SAALUM

Fa mu nekk gox yii ñoo ko wér : Kees ak Njaaréem ak réewum Gàmbi ak géeju Atalantig ci diggante bëj Siin ak sowu jànt. Gox la bu bari ndox, bari ag joor ak àll yu nangu mbay. Ñaari réew yi amoon na ñu ci seen biir ay gox. Ndukumaan ak Kungéel ak Pakaaw ak Rip ak Lageen ak Ñombaato.

II - WAA SIIN-SAALUM

Séeréer si ñoo dëkke woon ca diggante bëj Gànnhaar ak sowu jànt ci xeru géej gi ci fi nuy wooye FASNAÄ ak SÀNGAMAAR ci Mbóojéen ak Juwaalo ak Faajut. Dexug Saalum gi gudde 20 kilomeetar mu ngi jaar ci àll yi romb Jokkul ak Gañig-Séeréer si ñoo dëkké Saalum ak Tukulóor ak ay wolof, ci li ko jàpp Kawlax ba Kafrin ca bëj Gànnhaar ba Ñooro-Rip ca bëj Siin. Ndukumaan mu ngi nekkoon ci wàllu ndijoor ci dex gi, daanaka moo moom boppam ci nguurug Kungéel. Amoon na yeneen gox ci wàllu càmmoñ : Pakaaw ak Mandaag ak Rip ak Lageen. Soose yi ñu ngi dëkkoon ñoombaato.

III - GÀDAAYUG SÉERÉER

Wér na ci téere yi ne Séeréer si ñu dëkkóon Fuuta Tooro waaye ba nguuru Gaanaa gu mag ga daanoo waa Muraabituun yi egsi na ñu Fuuta Tooro ñu indiwaale dundiin wu tegu ci diine Lislaam, fekk na Séeréer si daawu ñu nangu wuutéeg seen pas-pas. Looloo leen taxa gàddaay dem Jolof waaye jafe-jafe dikk na ñu far jàll jublu ci diggante bëj Gànnhaar ak sowù foofa moo di Siin-Saalum seen dal bu mujj.

IV - DIKKUG SÉERÉER SI AK SEENUG DAL

Séeréer si daje na ñu ak Mànđeñ yi jóge woon bëj Siin ca réewi Gaabu. Mànđeñ yooyu ñëw na nu ci xeru géej gi ngir njënd ak njaay ñook waa géej gi ak Tubaab bi. Mbao book dañu doon wut fuñu làqu seen buuri réew. Ak lu mana xew képp ku dem Kabweer mbaa Sàngamaar di nga fa gis seeni jeexit. Neenañu Lébu yi ñoo leen jële Kabweer. Manees na gis seeni jeexit ca Jaxaaw.

V - DËKKAALE DIGGANTE XEET YI

Mànđeñ ak Séeréer ak Lébu ak Pël ak Tukulóor, xeet yií dëkk na ñu ci gox yu yaatu yu wër ndox mi. Mànđeñ ñoo nekkoon bëj Siin Ñombaato ak Rip ak Kolaar. Lébu ñoo nekkoon ci bëj Gànnhaar Bawol-bawol yi ñoo

nekkoon ci penku, foofa la ñu daje ak Séeréer si ñu nekk mbaalo njaaféen.

VI - GELAWAAR CI RÉEWU SÉERÉER

Gelawaar mooy néeg bi daa falu ci réewu Séeréer. Li ëpp ci ñoom ay xarekat lañu, ñu ngi jóge ci Mànden yi jóge woon Gaabu ci xarñub XIV. Su ñu toppee seen cosaan dañu leen fekk ñu bokk ca giiri Gelawaar yu màgg ya ca Sudan ca Ségu ak Kaartaa ak Saayeel. Dañu leen fekk ñu tasaaroo ci sowu Afirig ngir xàccoo yu bari yu dem ba tasaare seen réew. Soo dee seetlu Mànden yi mbooloo mu tuuti lañu.

Waaye ñu dogu lañu ci taxawal seen nguur ca na mu leen jubóo, seen yoon ci waa réew mi. Séeréer sa ay jaambur lañu, waaye nag amu ñu nguur gu yilif réew ma. Looloo tax Mànden yi mëna jot ca båatu réew ma.

VII - MANSA WAALI JONN MAANE

Mansa Waali Jonn MAANE moo sos Amsell péeyub réew ma moom moo fa dëkk ak ay xarekatam. Mu bàyyi way xaralaam ca Faajut, dal di bàyyi ay surgaam ca Jong Juwaal. Siin moo jëkk Saalum, looloo ngi xew ba Mbegaan NDUUR ñëwée. Moom la ñuy wooye Waagaan FAY, moom moo daaneel Aali Baani njiti diine la woon ci Tukulóor yi. Sériñ boobu ku amoonaat la ci Saalum. Noonu la Séeréer

*duggée ci nguuru buur ci ndimbalu xeexkatam ya.
Gelawaar yi yilif na ñu réew ma juróomi xarñu.*

VIII - DUNDINU SIIN-SAALUM

*Mànden yi ak Séeréer si bokk ñu aw dundin waaye
Mànden yi bi ñu yilifee Séeréer si soppi wuñu seen dundiin.
Sangi Mànden ya ñoo di Gelawaar ya, doomi buur ya ñoo
ca topp, ñi gëna ràññaku topp, jaambur ya door ca topp. Su
ñu waxee baatu gor ñi ceddo yi ñu ngi ci biir ak jaamburi
buur yi ak baykat bi ak way xarala yi ak xarkatu matt bi ak
tëgg bi ak defarkatu dàll bi ak waykat bi. Jaam yi daanañu
nekk ñaari xaaj : Dawal jàpp ak jaam yu ñu nënd.*

IX - SANGU MÀNDEÑ YI AK SÉERÉER SI

*Gelawaar ñoom ñooy néeg biy falu, ci seen biir la
ñuy tånn buur. Nguur ci ndonob meen lay doxe. Waaye
doomi buur ju nekk gor-benn-tånk du donn nguur gi feeg
seyaatul ak doomu sang yi. Su fekkee doomi buur ju nekk
gor-benn-tånk du donn waaye amna ab cér bu mu wara
yilif ca dëkk-dëkkaan ya. Gannaaw doomi buur ya jaamburi
buur yi ñëw, ñoom ñooy ñu ràññeku ñi. Duñu falu waaye
ci ñoom la buur bi tånn Jaraaf yi y nekk diggante nit ñi ak
buur.*

X - NIY DAAN SEEN DOOLE

Am na ci seen biir ay baykat ak ñu xereñ ak ñuy ñaan léeg-léeg : ñi ëpp ci niy daan seen doole ay baykat la ñu woon. Noom daa na ñu boole ak càmm ak mbay. Way xereñ yi ñoom li ci ëpp ci seen biir la nuy deñcante. Waaye niy ñaan léeg-léeg dañuy rabb. Terewul ñu nekk ay gor yu set wecc. Li ëpp ci li ñuy def mooy ximbal ci xew yi rawatina ak bu seen géer xewlee. Su kenn ci ñoom faatoo daawu ñu ko suul ci suuf waaye ñun ko daa def ci lémam guy. Foofa la aada yi tollu woon.

XI - DOXALIN AK ÀTTE

Siin ak Saalum ñaari nguur lañu yu bokkul àtte waaye nag seen doxalin ya ñoo niroo. Seen ñaari buur yi ñoo bokk benn tur, BUUR. Su fekkeene nguur ug Buur Siin teguwul ci mbind nu mu ko neexe rekk, Buur Saalum moom li ëpp ci ay àtteem dina ci diisóo ak ñi ko tann. Daana diisóo ak jaam yi ci këram.

XII - NIY DOXAL

Nii ñoo daa doxal : boroom ndomboy tànk yu mag yi :

- 1)- *Njiitu Jaraaf yi njiitu Farba biir kér, Jaraaf bëkk-néeg.*

2)- *Njiitu gox yi Saax-saax, Jaalige, Saltige, ñu mujj ñii ak njiitu dëkk yi ak Jaraaf yi, ñoom la Buur di diisóol Buur Siin amoon na ci biir gangooram ñu koy wottu ak ñi koy way, ku ñuy wooye Faae mooy njiitu njí way Buur. Ñoom dañoo sës rëkk ci Buur.*

Am na ku ñuy wooye Bisit moom mooy reeloo Buur.

XIII - XËCCÓO DIGGANTE MBEGAAN NDUUR AK TUKULÓOR

Mbegaan NDUUR def na lumu man ngir jot ci nguuri gi.

Looloo ko boole ak sëriñ Tukulóor bu ñuy wooye Aali Baani, sëriñ bii amoon na baat lool ca Kawóon ak as lëf ci Saalum Péeyu sëriñ ba nekkoon na ca tàkkal dexu Saalum ca wàllu càmmeñ fa sës ca dunu Kawóon, Mbegaan NDUUR mu nga dëkkóon Tiicoofaal tax ko sori Kawóon. Def fa lu mu man ngir jekkoo sëriñ ba, waaye jotul ci moom, Yàlla moo ko jëlal boppam. Noonu la beneen sëriñ bu tudd Seex Jatara Tàmbeedu donne nguuri ga. Moom la sëriñ Aali Baani daa diisóol.

XIV - MBEGAAN NDUUR DAJALE NA SAALUM

Mbegaan NDUUR jëkkóona JATARA ca xeexu Ngabi, booba la dàqee Tukulóor yi daldi def boppam Buuru

Saalum bu bokk ci Gelawaar. Noonu la noote buur yu ndaw yi ca Ngabi ak Ndukumaan ak Kaymoor ak Mandaak ak Jiloor ak Genig ak Lageem ak Jokkul. Mu daldi soril buur ya, teg fa doomam ak ay xarekat am.

XV - MAALIG BA GËNA SIIW CA MÀBBA JAXU BA

Màbba Jaxu BA mu ngi juddóo Rip walla Baadibu mu ngi bokk ci waa Fuuta Tooro ci Senegaal.

tukulóor yi ñoo dajaloo tann ko ci 1860 mu nekk Almaami. Mu song buuru Mànđen ya daa jaamu xérëm, noonu la nangoo Rip, def Pawooskoto muy péeyam, mu soppiko tuddéeko Ñooro ci Saayel, booba la umbee song Saalum gannaaw ba Sàmba Lawbe FAAL daanoo ci Saalig ci 1861.

Màbba jot na ndimbal mu joggé ci Makk ci 13 oktoobar 1863. Booba la songee tataay Kawlax ci 1863.

Dammeel Makku dee na mook Sàmba Lawbe FAAL ci 1864 booba la Mabbà wéetée nguur Saalum.

XVI - MÀBBA JAXU LOTTAL NA TUBAAB BI

Ndawal Farañs li nangul na Mabbà Jaxu ak lamaameen ci Saalum ak Badib. Mabbà Jaxu Bàyiyiwul la mu nekkoon ci jéema dajale xaaj Senegaal, Lat Joor dimb li na ko ci loolu. Noonu la jublóo Mbàkke ak Jolof, foofa la

walbatikoo dellu rip àndag yéené dellusi ngir dal ci kaw Kajoor. Waaye ndawal Farañs la ñuy wax Pine Laparaad dal na ci kawam ci 1865 ca Pawooskoto sës ca Ñooro. Ci xare booba Màbba Jaxu lañu jekkoo waaye bu yoon jeexul waaxusil des na. Màbba songaat na ca Cuufaaf ci 1867 ca fa sës ca Kawlax ak lël bu mat 2000 góor. Foofa la Màbba gaawe felees kilifag lëlu Tubaab bi. Ci xare boobu la Màbba Jaxu jekkoo ba kilifag lëlu tubaab ya des fa.

XVII - LAT JOOR SÀQINA

Màbba Jaxu BA xuus na ca biir Siin ci 1867, booba mu ngi ànd ak Lat Joor. Booba Buur Siin Kumba Ndóofeen moo fa nekk. Waaye am na ku déey Buur Siin songma Màbba Jaxu nar. Buur Siin def na lépp la ca war ba ñu dajee ca Som ci juróomi waxtu ci suba ba juróom benn waxtu ca ngoon la Lat Joor sàqi. Booba yég na ak jekkadi tuy ñaw, foofa fa la bàyyi Màbba moom rekk ca xare ba.

XVIII - DAANUG MÀBBA JAXU BA

Màbba Jaxu daanuna ca Somb moom ak doomam ak doomu baayam Maamu Ndari BA. Mbokkam moo ko wuutu waaye manu la dékku Buur Siin Saajuk MBÓOJ.

Looloò tax Maamu Ndari yem ci Rip dojj. Ci 1887 la Sayeer Mati bett Buur Siin daldi lakk Kawóon, lokki dëkk yu ndaw ya ko wér. Waaye kilifag lëlu Farañs moo ko fa

dàqe mu làqu ji Gàmbi. Ci noonu la Saalum dellu ci loxo Gedel MBÓOJ mi yor réew ma 17 at moo déggóo ak Tubaab bi ci 1891.

TURI BUURI SAALUM

Fóodé JUUF 49 buuru Saalum moo ko wéeyal

- | | | |
|--|----|---|
| 1. <i>Mbegaan Nduur (1495)</i> | 20 | 15. <i>Ama Faal-Faal (6)</i> |
| at | | |
| 2. <i>Yer Ñoxor Ndoj (7)</i> | | 16. <i>Ama Juuf-Juuf (6)</i> |
| 3. <i>Lat Menge Jileen Njaay (23)</i> | | 17. <i>Sengaan Kewe Njaay (30)</i> |
| 4. <i>Sàmba Lombor Njaay (4)</i> | | 18. <i>Lat Cilor Ndoj (4)</i> |
| 5. <i>Seenii Jeme (3)</i> | | 19. <i>Mar Siga Sekk (2)</i> |
| 6. <i>Lat Ciloor Bajaan (9)</i> | | 20. <i>Biram Xuraja Sekk (2)</i> |
| 7. <i>Wal Buni Jileen Njaay (8)</i> | | 21. <i>Ndeen Njaay Biigé (19)</i> |
| 8. <i>Malewtan Njaay (45)</i> | | 22. <i>Mbaan Juuf (7)</i> |
| 9. <i>Sambaar Jóob (2)</i> | | 23. <i>Mbaa Jogob Njaay (7)</i> |
| 10. <i>Biram Njéemé Kumba Njaay (23)</i> | | 24. <i>Saandeene Koddu biigé Ndaw (2)</i> |
| 11. <i>Ndeen Ndene Njaay Maróon Ndaw (2)</i> | | 25. <i>Sengaan Jogob Mbóoj (7)</i> |
| 12. <i>Amбаан Jamel Njaay (6)</i> | | 26. <i>Ndeene Jogob Mbóoj (2)</i> |
| 13. <i>Wal Jojo Njaay (9)</i> | | 27. <i>Sengaan Jogob Mbóoj (7)</i> |

- | | |
|---|-------------------------------------|
| 14. <i>Amadu Koddu Njaay</i> (35) | 28. <i>Sengaan Degen Njaay</i> (10) |
| 29. <i>Sandeene Koddu Faal Ndaw</i> (9) | 40. <i>Faxa Faal</i> (7) |
| 30. <i>Biram Njéemé Ñaxana Njaay</i> (16) | 41. <i>Ñaw Mbóoj</i> (5) |
| 31. <i>Makumba Jogo Mbóoj</i> (7) | 42. <i>Saajuk Mbóoj</i> |
| 32. <i>Ndeene Ñaxana Njaay</i> (7) | 43. <i>Gedel Mbóoj</i> (17) |
| 33. <i>Biram Xureyja</i> (6) | 44. <i>Simon Njéemé Juuf</i> (3) |
| 34. <i>Ndeene Mbaru Njaay</i> (1) | 45. <i>Njéemé Njiomon Ndaw</i> (3) |
| 35. <i>Bale Njóogu Ndaw</i> (28) | 46. <i>Ndeen Jogob Juuf</i> (1) |
| 36. <i>Bala Aadama Njaay</i> (3) | 47. <i>Simon Ngoy Juuf</i> (10) |
| 37. <i>Soose Biigé Njaay</i> (7) | 48. <i>Xuri Coro Juuf</i> (16) |
| 38. <i>Kumba Ndamba Mbóoj</i> (4) | 49. <i>Maawo Coro Juuf</i> |
| 39. <i>Sàmba Lawbe Faal</i> (5) | 50. <i>Fóode Ngóone Juuf</i> (2) |

TURI BUURI SIIN


Maye Koor JUUf moo ko wéyal

- | | |
|--------------------------------------|------------------------------------|
| 1. <i>Maysa Waali Maane</i> | 19. <i>Sel Laba</i> |
| 2. <i>Asi Fay</i> | 20. <i>Juma Ñaan</i> |
| 3. <i>Waagaan Kumba</i> | 21. <i>Ñoxo Baay</i> |
| 4. <i>Waagaan Masa</i> | 22. <i>Gejo Baal</i> |
| 5. <i>Waagaan</i> | 23. <i>Mbisaan Jóob</i> |
| 6. <i>Juma Jeŋ</i> | 24. <i>Waa Mon Ndoŋ</i> |
| 7. <i>Silmaŋ Mboboor</i> | 25. <i>Jeŋ Kes</i> |
| 8. <i>Jingati (moo sos Jiganoor)</i> | 26. <i>Buka Cilaas</i> |
| 9. <i>Bukaso Fay</i> | 27. <i>Wal Joojo Ñaan Kumba</i> |
| 10. <i>Jogoy Ñilaan Juuf</i> | 28. <i>Deey Sano</i> |
| 11. <i>Mbegaan Nduur</i> | 29. <i>Lat Suka Sano</i> |
| 12. | 30. <i>Wal Joojo Ñilaan</i> |
| 13. <i>Juma Màngaan</i> | 31. <i>Biram Paate Njaay</i> |
| 14. <i>Jéen Ñaan</i> | 32. <i>Sàmba Lam Duudu</i> |
| 15. <i>Jokkel Farde</i> | 33. <i>Waa Sila Kumba Saanjaan</i> |
| 16. <i>Waa Mbisaan</i> | 34. <i>Biram Paate Yande</i> |
| 17. <i>Géej Njaay</i> | 35. <i>Waa Koddu Ñilaan Fay</i> |
| 18. <i>Jokkel Laba</i> | 36. <i>Lat Ñilaan Sàmba</i> |

Paate SOW

- | | |
|------------------------------------|--------------------------------|
| 37. <i>Lat Suk Fa Ñaan</i> | 45. <i>Amadi Baro</i> |
| 38. <i>Biram Paate Kumba Njaga</i> | 46. <i>Makke Koddu Njaay</i> |
| 39. <i>Buka Cilaas Mbotel</i> | 47. <i>Jaligi Sira</i> |
| 40. <i>Njaga Ñilaan</i> | 48. <i>Ñoxo Baay Simon</i> |
| 41. <i>Amaat Kumba Mbóoj</i> | 49. <i>Mbàkke Ndepp</i> |
| 42. <i>Amaat Juuf Ñilaan Fay</i> | 50. <i>Kumba Ndóoféen Juuf</i> |
| 43. <i>Kumba Ndóoféen Famaag</i> | 51. <i>Juuf Maye Koor 1924</i> |
| 44. <i>Salmon Fay</i> | |

Nataal : Kaasamaas gi ci digg bi



Buntu IX (juróom ñenteel bi)

**JAMMAARLOO BI CI KAASAMAAS
AK GÀMBI**

Ci ag gàttal

Deesna fekk ñaari xeeti jàmmarloo ci Kaasamaas : bu jëkk bi diggante xeet la ci Balant ak Joola ak Màndeñ.

Bu ñaareel bi jàmmaarloo la bu ñu teg ci yoon xare ci njiitu kilifay diine yi ci Lismaam. Ña ca gëna siiw Fóode Kabaa DUMBUYAA. Am na ci ñoom ku egg ci sos nguur, koo ka mooy Alfa Móoló, doomam ju ñuy wax Musaa Móoló Balde moom ku xumbóon la, moom moo dàq Màndeñ yi ci Gaabu, moom moo àndoonaak tubaab bi ngir yaatal nguuram, moom ci boppam bokk na ci ñi daaneel Mammadu Lamin DARAAME, ak Sunkari Yeeri KAMARA, ak Fóode KABAA, waaye Musaa Móoló BALDE mujj na xam la waraloon kilifay réew ma lènk ci kanam tubaab bi, bëggóona nangu réew mi. Ba Musaa Móoló xamee ne

tubaab bi du mbokk te booba xam ko wees na la daldi genn jublu Gàmbi foof fa la faatoo ci 1921 ca dëkk bu nuy wax Kisir Onda.

Sunkari Yeeri KAMARA

Sunkari Yeeri KAMARA mu ngi juddu ci 1820 ci benn néegu Màndej bu gàddaaye woon Pakaaw. Moom mu ngi bokkoon ci àndandooy Màbba Jaxu BA. Sunkari mu ngi nekkoon ci dëkk bu ñuy wax Móori Kunda. Moom moo gawoon Séeju ci 1872 ci ginaaw xareb Sàndeñeeri ànd na ak Fóode Kabaa ñu song Balant yi ci 1876.

Ginaaw songum ñaareel ^{ma} ~~ba~~ gaw na Séeju ci 1887, foofa la ko ñaari Farañse dàqe Jaak Maar ak Dotts ci 1887 booba la ca génné daldi dëpp jëm Tuubaakoto, mu ngi faatu ci 1900.

Fóode Silla TURE

Fóode Silla TURE mu ngi juddoo ci Guñjur ci Gàmbi ci njalbéenu xarñub XIX. Taal na jiaar ci kaw ñiy jaamu xëram ci Kombo def na ko yit ci kaw joolaa yi. Sos na fa ñetti tata ngir baña génn ci xuppéelug Àngele yi. Ànd na ak tubaab bi dal ci kaw Ibaraayima Njaay ci 1888, songaat na Joolaa yi ci 1891 réeréo doxoon na diggantéem ak Àngele yi ba tax mu gaw Batirs, waaye dàqe na ñu ko fa ci diir bu gàtt foofa la dawe làqu Kaasamaas. Foofa la ko Farañse ya

jàppe ci 1894 daldi koy dençi Kajoor foofa la faatoo ci diir bu néew.

Ibaraayima NJAAY

Moom doomu baayu Pàppa NJAAY, la ganaaw ba mu songee Fóoñi nekk na ca ak Joolaa ya làqu woon na ko tata waaye, farañse yi mujj na ñu toj tata ja ci ndimbalu Fóode SILLA, ci noonu la Ibaraayima NJAAY faatoo.

Alfa MóoLó

Alfa MóoLó cosaanam Pël la, turam dëgg-dëgg moo di Móoló Igoo. Moom mooy baayu Musaa Móoló. Alfa Móoló kenn la woon ci jàmbar yi lankoon ci kanamu Mànđen yi.

Fóode Kabaa DUMBUYAA

Moom mu nga juddóo gumbsel ci Bundu ci 1820 mu ngi bokk ci Jaaxàanke yi. Baayam mu nga dëkkóon ca Kirawaan. Moo nootoon Jiimaaraa ak Karmana, songoon na yitam Wuli. Baayam bóom na nu ko ca Kirawaan loolu ay xare yu bari topp na ca ci kaw Pël yi, ba tax ñu xawa fàtte jàmmaarloo bi ak tubaab bi. Fóode Kabaa song na Soona ak Belmad ak réewu Balant yi ci 1876, ca la joggé daldi song Kabada. Daldi samp tata ca Karantaba, Musaa Móoló moo ko fa dàqe mu làqu ca Medina ci 1877 ngir jéflante ak Fóoñi ak waa Baynunk la ko dale 1877 ba 1878

ba Farañs mānkoo aakimoo. Diggantéem ak Farañs yàqu na ci weeru Mårs 1901. Looloo tax Faraas ak Àngalteer mānkoo ak Musaa Móoló dal ci kawam. Fóode Kabaa dee na ci biir tataam ginaaw xare bu yàgg te metti.

Nii la xare bi saxe woon dakk lu xawa mat xarñu ànd ak dayo metit ngir li ci tubaab bi bokk. Waaye jàmmaarloo Joolaa ak Balant yi ci kanamu tubaab bi moo gënoona metti yépp. "Waa waaw su dul woonag fonk gu ma fonk doomu aadama kon ma bind turu jàmbaar yii ci su ma deret waaw ndaw jaadu wul ñuy bokk daa ju ñu leen binde, ñook seeni noon".

Maa ngi tudd lenn ci turu jàmbaar yooyu : Giñaabo SAANE mi tubaab yi bóom ca Siliki ci 1906 moom lañu duppée daara ju mag ja ci Sigicoor.

Beneen jàmbaara ngii moom la ñu wooye buuru Fulub mu ngi nekkoon ci kalibi moom mooy dëgg-dëgg jàmbaar, ndaxte moo tànnoon sànni boppam ca taal ba ngir baña déggóo ak tubaab ba, looloo ngi xewe woon ci 1903. Kii beneen jàmbaar la bu tudd JAAMAAN ca Karowaal daa na ñu ko wooye Fóode Kabaa, taxaw na ci kanam Farañse bi ak Àngele bi taxawaay bu amul fenn ci diggante 1904 ba 1909.

Ci ag gàttal waa Kaasamaas ak seen ñaay yooyu ak seen dëkk-dékkaan yooyu ci wetu dex gi, jàndkuwante na

ñu ak gën jaa boni ngannaay : bomb, kënu, abiyon, ci ñu yorul ludul seen jom, seenug bëgg seen réew, kenn daawu fa xàmmee jigéen ak bootaayam, moo xam tungaar la moo xam doom la, Fii la deret amee solo ! Fii la réew mi siggée, taxaw faj gàcce !

I - KAASAMAAS

Kaasamaas mu ngi ci pénkub sowu, ci bëj Gànnaru Gàmbi ak Gine Bisaawo ak ca bëj Siin.

Guddaayam ëpp na yaatuwaayam ñetti yoon. Turam mu ngi ko jële ci buuram KAASA mi bokk ci giiru Baynunk ak ci dexu Mànsa mbooleseen nekk Kaasamaas ga ca kaw mooy Koldaa ak Welingara li ëpp ca ña fa dëkk moo di Pël yi ak Fulaadu yi. Li dëkk ci digg Kaasamaas (Séeu) ñooy Màndeñ ak Pël ak Balant ak Joolaa ak Tukulóor.

Kaasamaas gi ci suuf (Sigicoor ak Biñoona ak Usuy) li ëpp ca ña fa dëkk ñooy Baynunk ak Màndeñ ak Mànjaag ak Mankaañ.

II - JUDDUB MBOOLOO YU WUUTE

Ba giir yiy doora dëkk joggé bëj Siinu Gàmbi nekkoon na ñu mbooloo yu déggó, ñu ngi daan wuyoo ci turu Jaamat, mujj na ñuy wooye tur woowu waa Fulub dojj, ñooy ñi dëkk ci diggante tundu Toks ak Usuuy. "Baatu

Joolaa ci làkku Màndenj moo di mépp mbindéef mu ñu mëna gis". Joolaa yi ñàkk na ñu seenug bennoo ba ñu gàddayee ba seddaloo ay mbooloo yu wuute booba lañu xéyee nekk ay mbooloo yu wuute.

III - FÓODE KABA DUMBUYA

Jàmm nekkoon na ci lu gëna bari ci xarñub XIX, bokkoon na ci li ko waral jote bi sax dakk diggante Màndenj ci njiitu Fóode Kabaa Dumbuyaa ak Joola yi ak potoxlu gu Faraas potoxlu ci diggante dëkkandoo. Fóode Kabaa DUMBUYA mu'ngi juddóo ca bëj Siinu Bundu ci Gumsel. Baayam sëriñ bu mag la woon, moomit dundam am na ay jafe-jafe. Bi Fóode Kabaa DUMBUYAA jublóo sowu jànt dal na ci kaw ñaari njiitu Fulaadu Alfa Móoló ak Musaa Móoló, ñoom ñaar ñoo ko jekku waaye jot naa nangu Kiyaan foofa la samp Am Lambam ca Madiina ci 1882.

IV - NARMÉELUG LËLU FARAAAS

Fóode Kabaa DUMBUYAA dugg na ci xëccéo mook Faraas ci suufu Fóoñi, kilifag Faraas ga fa nekkoon jox na Fóode moomeelug Kian ak Fóoñi ci 1891, waaye am na ab xaaj bu bokk ci Fóoñi bu lank ne du mokk. Soldaaru Faraas yi may na ñu loxo Fóode, waaye waa Faraas narmeeelu na ñu ci kanam dëkk bu ñuy wax Sijaan. Ginaaw loolu Faraas ak Fóode déggóo na ñu ci ay kàddu ci 1893 ba Fóode wara

teggi loxoom ci Fóoñi su ko defee Faraas warlul ko at mu nekk 5000 ci xaralisu Afirig.

V - DAANUG KIYAN

Kiyan desoon na ci loxo Fóode Kaba Dumbuyaa waaye lank na ñu ci 1901 noonu la xeexub Madina tákke ci 23 märs ci atum 1901. Faraas moo jekku ci xare boobu, ba ñu yegg ci naan Fóode dee na. Looloo tax ba Mänden ñàkk manooreem ak baatam. Booba la kiliftéefu Kiyan toxoo dem ci loxob Faraas.

VI - KAASAMAAS GA FÉETE KAW AK CE DIGG BI

Nii la ñu séddalee ña fa dëkkón :

Pël yi ñoo ëppóon ci wàllu penku, Mänden yi ñoo nekkoon sowu, Balant yi ñoo féeté woon ci bëj Gànnarub sowu, ca penku Adayaan ci waar wu sew wa leelu réeruma. Balant kundaa mu ngi leroog dexu Kaasamaas ci diggante Baynunk ci wàllu sowu ak Mänden ci wàllu penku. Li ëpp ci balant yi dugg na ñu ci diine Lislaam.

VII - TUKULÓOR YI CI KAASAMAAS

Tukulóor yi ñu ngi joggé Fuuta Tooro ci fu ñuy wax Dimat, jékkón na ñoo dëkk ca penku Saalum, waaye ab xiif moo leen fa dàqe ñu jàll ba dikk Kabada ca wàllu ndijoor ca dexu Gàmbi, looloo ngi xewoon ca xarñub XV.

Sos na ñu fa ay dëkk, bokk na ca : Njama kuta ak Kanton mii nekkoon péeyu kilifa. Lank na ñu baña ànd ak Màndeñ yi ñu tann ànd ak Pël yi dal ci kaw Fóode Kabaa Dumbuya. Noonu lañu def ba téyé seen bopp. Tukulóor yooyu ay Tooroobe la ñu woon, yeggoon na ñu ci ak am solo toppatoo gu ñu amoon ci mbiri diine ak jàng Alquraan.

VIII - MÀNDEÑ YI

Màndeñ ñu xamoon lu ñu bëgg lañu, ñu ngi dëkkón ca penku Joolaa ya diggante dexu Kaasamaas ak dexu Sunguru nguru ci Booje ak Yaas ak Pakaaw ci bëj Gànnhaar ci wàllu Unkudo, ci wàllu bëj Siin ca Sundbel maado ak Brasu. Booba jamono Màndeñ yi ñoo nootoon waa Fulaadu ci wàllu penku wi ba 1867, booba nag la Fulaadu takku ngir lank nooteelug Màndeñ ci njiitu Alfa Móoló ak Musaa Móoló.

IX - PËLI KAASAMAAS

Tund wii fàqe ci nguuru Màndeñ gu mag ga ci xarñub XVI. Diggante Màndeñ ak waa Fulaadu jàmm rekk moo fo jaeroon. Loolu nekkoon na lu tollu ci ñetti téeméeri at yoo xam ne Pël yi ñoo moom seen bopp. Waaye ci jamono jooju daanaka amuñu woon benn taxawaay bu am solo, xanaa sàmm ak xare ak xarala, waaye Pël yi dañu mujj lank ci xarñub XIX tuuti lu jëkk dikkug Farañse bi.

X - BENNOOG PËL YI

Daanaka Pël yépp am nañu lu leen boole ci anami niroo ci gisin ak waxin ak yorinu koom-koom.

Man naa am dañoo bokk menn maam mu ñu joggé, mbaa bokk dañoo yàgga dëkk ba tax ni dëkkón ci digg Kaasamaas. Ba looloo waral niróo gi ci seen biir. Soo leen dee xool di nga leen fekk ñu nekk ñetti mbooloo : cosaani tund wa, ñoom ñooy Yolo Foro, ñi bokk ca Masina. Ak Yolo Jado, ak Yolo Fuuta ñu nga joggé Fuuta Jalonj. Pël yi joggé Gaabu (Yolo Gaabu) ñoom ñu ngi joggé gine Bisaawo.

XI - LÀNKUG PËL YI CI NJIITU ALFA MÓOLÓ

Màndej yi daawu ñu genn ci am at ludul ngir ñaari mbir : bund-xataal Pël yi, ak dund ci seen kaw waaye loolu xalset naa deñ ba mu sampee ñet ci seen njiit ya : Kóli dimo moom waa Basari la ak Sàmb Ogo moom waa Jalalaba la ak Móoló Igo moom mu ngi bokk ci Solo Bali, cosaanam Sudanj la. Moom nekkoon na abdanna bu siiw, demoon na ba jekku Màndej yi looloo waral dàkk antalug Alfa.

XII - CONGI ALFA MÓOLÓ

Pël yi nangu na ñu Jalalaba ci njiitu Alfa Móoló ak ci ndimbalu Tukulóor yi dëkk Kabada. Song na ñu yit tata

ba ca Amdala ca péeyu Kikota Susuma mi daa àtte Mànden ak Fulaadu. Mujj na lakk tata ja, booba la Alfa Móoló dawee làqu ci benn ñaay by fa jege woon, foofa la tollu di joxe ay ndigël ba Alfa Ibaraayima ca Fuuta Jalon jox ko ndimbal. Dàkkantale na ñu ko Alfa ngir réew yu bari yi mu ubbi ci 1874. Jàmmaarloo na ak Fóode Kabaa Dumbuya ba tasaare tataam ca Kiriwaan ci 1878. Mokkal na yit gor ña doon bañ te Sàmba Igo jiite woon leen, ca far reyye Sàmba Igo ca Kamako. Alfa Móoló jàmbaari fàkk tödd jooju mu ngi faatu ci atum 1881.

XIII - MUSAA MÓOLÓ (1881-1903)

Waa Fulaadu am na ñu niit mu bees ci taxawaayu Musaa Móoló doomi Alfa Móoló. Bi mu joggée dal na ci kaw ñi lankoon, daldi samp péeyam Anduna. Nijaayam Bakari Demba sanc Koro, magam bu ñuy wax Dikóri sanc Ñooro Bala, rakkam beneen sanc na ca Medina.

Musaa Móoló deggóo na ak Faraas ngir yaatal nguuram, booba la songe njiitu diine bu ñuy wax Mammadu Lamin DARAAME ci 1887. Song na yitam Fóode Kaba ci 1901.


XIV - NGUURU MUSAA MÓOLÓ

Faraas jox na Musaa Móoló ay ngànnayaay yu bari ak ay soldaar ngir xeex ak ay mbokkam (Dikóori) ak Bakari

Demba, ñoom ñaar dañu doon jéema lank. Musaa Móoló song na beneen njiit bu tudd Bakisi ca Ambadalo, Bakisi nekkoon na àndandoob Ceerno Ibaraayma mu Fuuta Jalonj.

Ginaaw tàng bopp gi nekk ci Musaa Móoló, daa na siif aka lokki alali tund yi ko wér. Looloo tax kilifag Faraas gi mu faraloo mujj na jàmbu ƙo, ngir song ko ci 1903, looloo tax Musaa Móoló mujj daw làqu ji Gàmbi bàyyì tund yooyu ak ay xeexkatam. Tund yooyu ñooy Patako ak Gimara ak Masi Babo.

Nataal : Gaabu Gàmbi



Buntu X (Fukkéel bi)

GAABU

Ci ag gàttal

Li ëpp ci ñiy bind askanale na ñu booloog Gaabu ci kuñuy wax Tirimaxaan Tarawore Gaabu nekkoon na benn ci nguür ya nekk ci nguür gu mag ga woon ca Maali. Am na ñu ne Tri Maxaan Tarawore mu ngi bokk ci waa kér Koli Tejala ñoom ñoo bokkoon jamono. Man naa am bàkku Maxaan Tarawore wu siiw woowu moo sos nguuru Mànden jëm sowu jànt. Li ëpp ca réew ma ay Baynunk ñoo ko dëkke woon ku fa dem di nga gis seeni jeexit. Mànden ñoo fa dàqe ña fa cosaanoo ñu gàddaay jëm sowu jànt, waaye soppi wu ñu dundinu waa réew ma, toxolañu Péey ba (Birikaama) ba ci xarñub XIX. Giir yu bari gàddaay na ñu jëm sowu jànt. Gaabu des na ci nguuru Maali gu mag ga ba xarñub XVI, booba la mujj nekk nguür gu mag gu moom boppam ci geenu xarñu boobu. Ñaaco mooy néeg bi doon àtte Gaabu ci wàllu baay buur bi mu ngi daan sant Saane

mbaa Maane. Daan na jox galag nguur Masina ci jëmmi jamono, waaye mujj na moom boppam. Nekkoon na nguur gu mag gu mat 45 ci ay nguuraan yoo xam ne ceddo ya ñoo leen yilifón. Li ëppóon ca nguur ya Màndej ya ñoo fa dëkkón, waaye amoon na lenni Pël ak yeneen giir. Waaye ay ñaayoo xewoon na seen diggante ba looloo waral néegub Gelawaar bi ñu jekkoo gàddaay jublu bëj Gànnhaar, ñoom ñu ngi joggé Bajara, nekkoon na ñu ci Kolaar fa la ñu tasaaroo, ku ñuy wax Mansa Waali Jonn Maane moom mu nga dem Mbisil ngir noot Siin ci xarñub XIV. Am na beneen néeg bu dëkk Biji ca wetu Jiloor. Gelawaar yi noot na ñu Saalum ci njitam Mbegaan Nduur ci geenu xarñub XV.

I - GAABU

Gaabu mu ngi diggante Gine ak Bundu ak Sudañ ak Kaasamaas, ci ag leeral : Ginee ko féeté bëj Siin, Bundoo ko féete bëj Gànnhaar, Sudañ. Féeté penku, Kaasamaas ko féeté sowu.

Dees na fekk ci biir Gaabu Ñokolokoba ak kee dugu ak Sirimana ak Dantila ak Badamba ak Basari. Moom fu néew ay nit la, bokk na ci xeet ya fa nekk : Pël ak Malenke ak jaaxanke ak Basari, ñu mujj ñii ñoo jëkk ci Gaabu. Neena nu Pël yi ñoo leen fi dàqe woon ci xarñub XI ca ba ñu joggé Fuuta Jalor. Nee na ñu Malenke yi ñoo fa dàqe Basari yi ci njalbéenu xarñub XIII.

II - DUNDINU BASARI

Basari yi dañuy séeddóo juróomi pàcc yoo xam ne ak xeete mooleen boole. Pàcc yooyu ñoooy : Konaaji ak Basari ak Badiyank ak Tenda ak Bóo Bene ak Tenda Góya? Basari ñoom ñu xér la ñu ci moom seen mbiri bopp, waaye li jém ci aada mbaa xerém (Jamlan) ñoom ñéppa bo bokk.

Basari dañuy séddaloo juróom ñaari xaaj : 7 ba 18 ; 18 ba 25 ; 25 ba 30 ; 30 ba 35 ; 35 ba 40 ; 40 ba 45 ; 45 ba 50 ngir yegg ca mbooloo mu ngëna kawe danu koy waaj te xumbal ko lool.

III - MALENKE YI

Sañcub réewu Malenke yi mu nga dellu ca jamono Sunjata ci xarñub XIII, bi ñu njëkk sanc mooy Siyaloa teg ci Sirimana ñi ko sanc ñoooy ñi sànt SIISE ci jamonoy Koli Teñala ci xarñub XVI. ñu ngi woon ci fuñuy wax Dantilaa ak Sumaare ak Nokolo ak Badoon ak Saajogo. Ginaaw loolu benn ci seen mbooloo ñaw na ñoooy Danfaxa ñu ngi woon Antila, ñoo doon xëccéo ak xaajoog, ñi mujja ñëw ñoooy Siisoxo ñoom ñu nga woon Beledugu di xàcco ak waa Sumaare ak waa Siise ñi jóge woon Siiyalaa.

IV - SIRAMANA AK BELEDUGU

Nooteelu Sisoxo ci kaw ñi sant Sumaare ak Siise. ñi sant sumaare ñu nga fàddaaye Xaaso ngir naar yi leen di song léeg-léeg ak di siif seen alal, ñu nga sancooñ Maa maa koo noo ca bëj Gànnaru sowu Kaosanto.

Ñoom ñoo cosaanoo Beledugu. Ki gënoona siiw ci ñoom mooy Maribajala ci xarñub XVII ba xarñub XVIII, moom àndoona na ak mbooloo mu bari ci ay jaam. ñu ngi leen dëkkélón ci fukki dëkk ak juróom ñett, dëkk bu nekk tegoon na fa njit bu bokk ci ñoom.

V - LÀNKU JAAM YA

Waaye jaam ya lank na ñu, Sumaare sàkkuna ndimbalam ñi sant Sisoxo yebal ñaari doomam, ñoom jekkoo na ñu tuberi njitu ña lankoon. Ca booba la waa Sumaare neexalee njitu Sisoxo lu diise ni boppu Tuberi ci wurus. Waaye ñaari doomi Sisoxo dellu wu ñu Tambuk ca seen baay. Ndax seen baay mooleen sant ñu des fa booba la kenn ka ñuy wax Damannan ca Beldugu ñooña fal ko buur, kenn ka ña sant Siise ñoo ko fal buur ci Siyalaa, nguur googu mu ngi tudloon Siramaana.

VI - NJULLITU KAMARA AK DAABO

Damañan amoon na ñetti doom ak soxnaam su njëkk Gabo Demba. Doom yooyu mujjón na ñu nekk ñetti ngiir : giiru Siiboya ak Gaabo Maxadina, giiru Sendi ak Gaabo Sandi, giiru Borayama ak Gaabo Boroyama. Nguur ga toxu na dem ci giiru Borayama. Ci xarñub XIX nguur ga toxu na dem benn neek ca Bambuk ngir nu dëkk ca Danfak, ca booba la ñi sant Kamara nekk ay jullit ak ñi sant Baabo.

VII - ÑOKOLO AK BADOON

Nooteelu Keyta ci kaw Sijogo :

Kóli Teñala indiwaalena ci bëj Siin ñi ñu nara wooye ëllëg Badoon mu bàyyi leen ca Sijogo daldi dàq ña nekkoon Ñokolo ci waa Kamara waaye waa Kamara mujj na ñu dëkk ca Sibikila ba nekk ca bëj Gànnhaar sowu ca Badoon booba la ñu moomee seen bopp. Waaye nag giiru Keyta ñoom ñu ngi joggé Ñokolo. Seeni jigéen ñu ngi sant Xusa.

VIII - DËKKUB BADEMBA

Dëkku Bademba ku ñuy wax Saane mbaa Sano Kali Keyta moo ko sos. Saane xulóo woon na ak ay bokkam daldi jogg jublu ca tundi Fuuta Jalon ya, japp na aw

nit, daldi fay sanc ca Abel tabax fa tata jutë. Saamo Kóli Keyta moom bàyyi na ay sët yu bari yu sant Keyta. Baatu Keyta mooy ku wara donn ci làkku Màndej. Amoon na ci Bademba ay kilifa yu mag, bokk na ca Sakodino mi juddu ci 1859 ca Bandafasi, moom jéemoon na def ay pexe ginaaw ba Alfa Yay dalee kaw seen dékk, looloo tax mu déggóo ak Farañse bi ba mu fal ko njiitu Bademba ak dékk ya ko wér.

IX - DAMANTA TANDA DANTA GAMOON

Barabu làqukaay

Ñeenti barab yii ñu ngi ci diggante kaw Gàmbi ak Kaasamaas : bundu moo ko féeté bëj Gànnhaar, Ginée ko féeté bëj Siin. Gàmbi moo dox diggante Danta ak Tanda, Gamoon mu ngi ko féeté penku.

Damanta ñu ngi ko sos ci xarñub XIX ci loxo Alfa Ñabali moom Malenke buy jullit te bokk ci waa Gaabu ci dékk bu ñuy wax Maana. Nekkoon na ab Sériñ bu siiwe mbaax ci bëgg gu mu bëgg réew la dajale Saraxulle yi ak Tukulóor yi gàddaaye Bundu ngir xare ya ak jalgati ya.

X - FÓODE SAAÑA

Ay giir yu sànt SAAÑA dëkkónon na ñu Tanda ci jamono ju mujj jii, ñoom ñu ngi gàddaaye woon ci njiitu Fóode Saaña mi nekkoon kenn ci ñi sellal seen àndadoo ak

Añyo Musaa Siisoxo. Giru Saaña ñoo sos Badi ak Bambaki ginaaw loolu la yeneen néeg yu bokk ci Malenke ñëw.


XI - COSAANU KÉEDUGU

Kéedugu ku ñuy wax Salia MBABA moo ko sos ci njalbéènu xarñub XX. Moom jaaykat la woon bu bokk ci xeetu Saraxulle baayam Masire BA moo ko jàppale. Moom mu ngi cosaanoo Jaawara ci wetu Bakkél, moom mu góor-góorlu ba dajale Ñokolo ak dëkk yi ko wér te ñu daan xëccóo ci seen biir. Kéedugu ñu ngi ko sos ci diggante 1830-1835, Ñokolo desoon na ci loxoy Ñokolo ak sëtam ba 1923.

XII - DÉGGÓO DIGGANTE BËJ SIIN AK FARÀÑS

Gox yi nekk ci bëj Siin te sës ci Giné ku ñuy wax Almaami Fuuta Jalonj daan na leen faral di song ak a jalgati. Looloo tax waa bëj Siin déggóo ak Faraas ci 1881 ak 1887 ak 1888, waaye la féetéeg bëj Gànnhaar moo desoon ci kliftéefu Almaami Bundu ak Bubakar SADA ci xaaju ñaareel bi ci xarñub XIX. Bubakar SADA mii daa na song Gamoon ak Tanda ak Ñokolo, defoon na péeyam ci Fuuta Jalonj. Ci ginaaw loolu la waa bëj Gànnhaar déggóo ak Faraas ci 1887.

Nataal : Gooye ak Bundu



Buntu XI (fukk ak benn)

GOOYE AK BUNDU

Ci ag gàttal

Li ëpp ci ñi dëkk Gooye ak Bundu ay Saraxulle la ñu ak ay Tukulóor. Ñaari tund yi Saraxulle yi ñoo leen daa faral di yilif, Saraxulle yooyu ñu ngi joggé Sokolo ca bëj Gànnhaar Segu. Gajaga moo doon péeyu nguur ga, ba tey ku fa dem daa fa fekk seen jeexit.

Ginaaw Aali BÀCCILI ku ñuy wax Maalig Si dikk na fa, moom sëriñ la woon bu ragal Yàlla, mu nga fekk baax Fuuta Tooro ca fa sës ca Podoor. Nee na ñu baayam Sériif la woon bu siwoon ca Gànnhaar. Maalig Si dem na aji Makk. Dajalena ay Basari ak ay Saraxulle, taxawal ci seen biir nguuru diine guy saytu seeni mbir. Moo def réew ma làqukaay ñeèl képp ku ñu bundxataal ba mu gaddaay joggé Fuuta Tooro moo xam Pël la mbaa ku joggé Jolof mbaa Saraxulle ba joggé Jaawara te ñu dàqeleen Kàrta.

MAMMADU LAMIN DARAAME

Mammadu Lamin DARAAME mu ngi juddóo Guñjur ci bëj Siin sowu jànt Kaay ci 1853. Jelna doxalinu Alaaji Omar TAAL, songaat na ca kaw dexu Senegaal, te booba fekk na mu fusanteek Tubaabi kóllare. Waaye nakk jubóo ak Aamadu TAAL terewul mu fexe lël bu mag ngir woote jiyaar, looloo naqari Faraas. Mu ngi nekkoon Jaawara ci 1885, songoon na Bundu, nootoon na Bolibaani ci 1886 ba Tubaab bu ñuy wax Fari dàq ko, ginaaw ba mu ko gawee ay fan ca Bakkel songaat na ay yoon yu bari. Farandooy Farañse bu ñuy wax Mari nekkoon na yit Jana ca foofa la daa songe réew yi ko wér lu mel ni Siinodibo ak Ñaani ak Wuli Farañse bu ñuy wax FORTAN ak GALIYAAñiÑii gaw na ñu ko ca Jaana waaye Musaa Móoló moo ko noot ci ndimbalu Faraas ci Sokoto ca fa sës ca MAKKAR ci 1887.

I - GOOYE AK BUNDU

Gooye ak Bundu ñu ngi ci diggante Bakkel ak Tambaakunda ak diggante Ferló ak kaw Gàmbi.

Li ëpp ca ña fa dëkkóon ay Saraxuule lañu ñoom ñoo joggé ca Sokolo ca bëj Gànnhaar Segu ñoom yilifóon na ñu Gajaga. Seen maam mu mag ma Laaba moo doon njíitu Sokolo, sëtub Laaba bu ñuy wax Mangamoni moo gaddaayoon ak mbooloom ak serñam ak xarekatam ak ab tèggam al Taxoli mi ko wara wuutu.

II - LAABA DËKKËL NA ÑAARI DOOMAM

Bi laaba di dem ci gàddaay gi dëkkël na ñaari doomam ci yoòn wi. Doom ju màgg ji mooy Tombu Mànga dëkkal na ko ca Kaarita. Ku ndaw ki mooy Tambo Mano Jàンka dëkkal na ko ca Kambu, foofa la ay sétam nekk ba léegi, moom nag moo jagoo Gajaga mu noot Ambi Tanji. Moo tabax dëkk bu ñuy wax Kilikoro ca fa féeté ak Madina. Batey ku fa dem daafa fekk seeni jeexit.

III - BUNDU : KAN MOO SOS NGUURUG BUNDU

Maalig Si moo sos nguuru Bundu ginaaw nguuru kan mooy Maalig Si ? Moom njiitu diine bu bokk ci xeetu Tukulóor (Toroobe). Nee na ñu mu ngi bokk ci dëkk bu ñuy wax Soyama ci wetu Podoor. Mu ngi askanoo ci kuñuy wax Ibn MARWAAAN, moom Sériif la bu siiwoon cq Gànnhaar, waaye kenn xamul lu wér ci cosaanal Sériif boobu.

IV - FAATUG MAALIG SI

Maalig Si jàng na Alquraan, wér na Sudan ak Kajoor ba yegg sañoxoor. Jàng na ca Sériñ Pir doora dellu Fuuta Tooro, waaj ngir dem Mákka. Bi mu jógée Mákka la gàddaay dem Bundu ak réewi Faatube ak Geerobe ñoom ñoo dëkkón Agwarar waaye amu ñu woon njiit tuy saytu seeni mbir. Bokkoon na ca xeet ya fa nekkoon ay Basari ak ay Séeréer, la fa ëppóon ay Maalenke la ñu. Maalig Si def

na réewu Bundu làqukaayu mbooleem ñi ñu bundxataal, bañu gàddaay jógé Fuuta Tooro moo xam Pël la mbaa ku jóogé Jolof, mbaa Saraxulle bu jógé Jaawara mbaa Kaarta. Maalig Si des na ca xëccu bu mu doon xëccu ak ña ka dalaloon. Doom am bu ñuy wax Bundu Maalig moo ko doon fayul looloo tax mu rey ci néegub Tunk juróom ñaari nit.

V - MAMMADU LAMIN DARAAME : AG JUDDÓOM

Mammadu Laamin DARAAME ngi juddóo ci wetu Bakkel ci 1840, cosaanam Saraxulle la. Nekkoon na kilifa diine gu mag, doon na mébét wuutu Sayxu Omar Fuutiyu TAAL. Ajina Mákka ci 1872 siyaarawaale na réewi jullit yu bari ba ci 1879. Yegg na Séegu foofa la fekk kilifa ga Aamadu Sayxu mi ko fiire woon ndax ni ko mbooloo yi jublóo woon, jot na koo tēj kaso lu mat ñetti weer ba 1885, ginaaw ba la dellusi ci réewam fii ci penku Senegaal. Ñu bari ci ay farandoom ak ay jegeñaaleem mujj na ñu di ko wooye Mëdi.

VI - WOOTE NA JIYAAR

Mammadu Lamin DARAAME woote na jiyaar, nangu na Gidi Maxa ak Gooy ak Kamara, xiir na waa Bundu ci lank, gaw na Bakkel.

Deniyanjkoobe ya ca dëkk ba jàppale na ñu ko ngir mu nangu ab xaa j ca dëkk ba. Waaye dëkk ba amoon na tata bu të, ñu ngi ka tabaxoon ci diggante 1719-1821 ci ndimbalum soldaar ya ak Bàmbara ya fa ne ak àndandooy Almaami Bundu bokk na ñu takku looloo tax Bakkel daanuwul, ba Mammadu Lamin DARAAME jéem-jéem ma nu ca dara booba la dindee gaw ga mu gawoon Bakkel.

VII - DEGGÓO YU MU DEGGÓO AK FARAAAS

Mammadu Lamin DARAAME deggóo na ak Farañse bi ci mu aar ko 11 Saawiyee 1887. Faraas déggóo na ak njii tu bundu yi ci menn at mi ci 15 sañwiyee, fekk na mu déggóo ak njii Gooye ak Faraas ci menn at mi. Waaye déggóo ga waral aar ga mu ngi ame ci weeru uut 1888 booba la Faraas ame sàñ-sañ ci saytu Gooye ak penkub Bundu ak teerub Bakkel.

VIII - FAATUG MAMMADU LAMIN DARAAME

Mammadu Lamin DARAAME nangu na Sino Dibo ci 1886 fa la ko soldaaru Faraas dàqe, jekkoo na ñu ko yit ca Kidira ñakk na fa lu jege 300 téer ci seraayu Alquraan. Ba mu bëggée jotaat ca Sino Dibo amaat na ag jekkadi, ca la far jaare sàqi dem Gàmbi doon jéema dëkk Jana waaye fa la ko soldaaru Galyaani fekk. Booba nag la jublóo ñaareel wii Tuubaakoto àndak fas yéené faa dëkk ci funuy wax Njaañe waaye na gu mu ñu ta Faan ci mee 1887. Booba

nag la jàppe ci Yàlla gàddaay dugg Gàmbi Àngele, foofa la faatoo ca Laame Looto ca fa sës ci Makkarti bàyyi na gannaawam taxawaayu Lislaam bu amul ndend ci ndimbalum lenn ci kilifay diine ji : ku ci mel ni Sayar Mati. Waaye taxawaay manul woona dékku mer ma nekkoon ca waa Bundu ak pexe ya Faraas bi doon demale ak a fekkele.

TOFLAY : XEW-XEW YI AK SEEN JAMANO

- 1054-446 *ci la Muraabituun yi noote Awdagost.*
- 1057-449 *ci la Muraabituun yi songe nguurug Gaana su mag ga.*
- 1060-452 *ci la song ma yeege.*
- 1076-469 *ci la Kuwambi faatoo.*
- 1235-663 *ci la nguurug Songaay daanoo.*
- 1270-669 *ci la waa Jaawara noote bëj Siinu Gaana.*
- 1492-889 *ci la Askiyaa Muamad noote goxi Mändey ya.*
- 1534-941 *ci la waa Kér Askiyaa Muamad bóome Koli Tenjala.*
- 1659-1070 *ci la ñu tabax Señ Liwi (Ndar).*
- 1697-1109 *ci la Lat Sukaabe Faal juddu.*
- 1784-1204 *Ci la Lat Sukaabe Faal faatoo.*
- 1789-1209 *cl la Faraas bàyyee njaayum jaam.*
- 1842-1258 *ci la Lat Joor Ngóone Laatir juddu.*

- 1852-1269 *ci la ñu fale (Pine Laparaad) ci Senegaal.*
- 1854-1271 *ci la Pine Laparaad rebbele Waalo gépp.*
- 1856-1273 *ci la Màbba lànkee.*
- 1862-1279 *ci la Màbba amee 2000 xarekat.*
- 1863-1280 *ci xëccóob jullit yi ak ceddo yi mettee.*
- 1886-1304 *ci la Lat Joor ak doomam ak 78 xaritam daanoo.*
- 1890-1388 *ci la Faraas nootee Fuuta Tooro ca deqële.*

Xew-xewi Fuuta Tooro

- 1236-850 *ci la Jaawogo jëlé nguur ga.*
- 1000-391 *ci la nguuru Maa ngi jullit yi jël réew ma.*
- 1300-700
- 1400-803 *ci la nguur ga deme ci loxoy Lam Taga Lam Tooro.*
- 1534-941 *ci la ñu bóome Koli Teñjala.*
- 1549-956 *ci la Diniyan koobe jëlé nguur ga.*
- 1776-1190 *ci la Almaami yi jëlé nguur ga.*

- 1790-1208 ci la Abdul Xaadir séddale Fuuta.
- 1797-1212 ci la Seexu Omar Taal juddu.
- 1820-1236 ci la Seexu Omar aji Makkha.
- 1854-1271 ci la Seexu Omar woote Bambuk.
- 1857-1274 ci la Seexu Omar ^hwoote Madiina.
- 1859-1280 ci la Seexu Omar songe Maatam.
- 1860-1277 ci la Seexu Omar déggoo ak Pine Laparaad.
- 1861-1278 ci la Seexu Omar songe Segu.
- 1863-1279 ci la Seexu Omar songe Amdala.
- 1881-1299 ci la tubaab bi noote Fuuta Tooro gépp.

Tasaaroog Lislaam

- 1076-469 ci la Abdul Xaadir Bun Omar ^hwoote xew-xewi Jolof.
- 1087-471 ci la ñu bóome Abdul Xaadir Bun Omar ca Adraar.
- 1350-751 ci la Lislaam dala tasaaroo ci Senegaal.

- 1549-1107 ci la Leli Fuli Fakk daano ca "Jolof" xareb
Dànki ci kanam Amari Ngóone Sobel.
- 1697-1109 ci la xareb Ambisin diggante Jolof ak Kajoor.
- 1759-1175 ci la Jolof doon jéema teg loxo ci Kajoor.
- 1870-1287 ci la Aamadu Sayxu song Jolof.
- 1875-1292 ci la nguurug Aamadu Sayxu jéexe ci Jolof.
- 1835-1303 ci la tubaab bi noote Jolof gépp.
- 1886-1304 ci la xareb Gille.
- 1893-1311 ci la Alburi Njaay daano ca Dooso (Nijeer).

Xew-xewi Waalo

- 1763-1177 ci la Kajoor tege loxoom ci as lëf ci Waalo.
- 1856-1273 ci la Faraas déggoo ak lenn njiit.

Xew-xewi Kajoor

- 1549-956 ci la Kajoor dëdoo Jolof.
- 1697-1109 ci la Dammeel Teeñ Lat Sukaabe Faal jote ci
Kajoor ak Bawol.
- 1719-1132 ci la Maysa Tenda jote nguur gi ci turu Géej.

- 1807-1222 *ci la Àngele yi bàyyee njaayum jaam.*
- 1842-1258 *ci la Lat Joor Ngóone Lqatil Jóob juddóo.*
- 1859-1276 *ci la ñu jékkee teg loxo ci Kajoor.*
- 1861-1278 *ci la Dammeel Makoddu déggóo ak Tubaab bi.*
- 1862-1279 *ci la Lat Joor jekkoo Majoojo ca Kokki.*
- 1863-1280 *ci la Faraas jekkoo Lat Joor (Looro).*
- 1865-1282 *ci la Tubaab bi tegaate loxoom ci Kajoor.*
- 1870-1287 *ci la Tubaab ak Lat Joor déggóo ci Lat Joor teggi loxoom ci la Gànjóol ak Jandeer tē tubaab bi bàyyikook Kajoor.*
- 1875-1292 *ci la Lat Joor sàkku ndimbalu Faraas ci kaw Aamadu Seexu.*

Xew-xewi Lébu Gi

- 1444-1292 *ci la Denis Jaas jënde fi mu tudde Kab Weer.*
- 1790-1205 *ci la Lébu yi làanke ci kanam Dammeel Amari Ngóone Kumba.*

- 1809-1224 *ci la Lébu gi moome boppam ci njiital Jal Jóob ci jamonoy Dammeel Birima Faatma Cubb.*
- 1815-1231 *ci la Maxtaar Maamur Jóob jotee ca nguur ga.*
- 1830-1246 *ci la Moxtaar Jool jotee ci nguur gi.*
- 1855-1272 *ci laJal Jóob bi ñuy dàkkantale Ceerno jote
nguur gi.*

Xew-xewi Siin-Saalum

- 1810-1225 *ci la Màbba juddóo ci Ripp.*
- 1852-1263 *ci la Màbba dajeek Seexu Omar Taal.*
- 1860-1277 *ci la Tukulóor yi tànnee Màbba muy njiit ci Saalum.*
- 1861-1278 *ci la Màbba reye Jéeri Maróon buuru Mànden yi.*
- 1862-1279 *ci la Màbba jote ndimbalu Dammeel Makoddu (woon).*
- 1863-1280 *ci la Makoddu faatu ci la déggóo Senegàmbi, ak Kajoor ak Waalo ak Bawol ak Jolof ak Saalum.*

- 1864-1281 ci la Màbba wéeté moom doŋŋ ci Saalum.
- 1867-1284 ci la Màbba xuuse ci siinand ak Lat Joor ak Alburi.
- 1305-1887 ci la Sayeer Matì bette woon buur Siin.
- 1891-1309 ci la Faraas noote Siin Saalum ci jamono Gedel Mbóoj.

Xewi-xewi Kaasamaas

- 1830-1236 ci la Sunkari Yéeri Kamara ak F.K.D. juddóo.
- 1867-1284 ci la nguurug Mànden deñ ci kaw Fulaadu ci penku.
- 1873-1290 ci la Sunkari songe gaw Segu. Déggoo ak tubaab bi.
- 1874-1291 ci la Fulaadu jiitale Alfa Móoló.
- 1876-1293 ci la F.K.D. songe Sone ak Belmado ak Balant.
- 1876-1293 ci la Musaa Móoló daje ak F.K.D. ba mu làqu ca Medina.
- 1881-1299 ci la Alfa Móoló faatoo taxawaayu Musaa Móoló.

- 1882-1300 ci la F.K.D. fare ak Faraas, noote Kina sañc
Madina.
- 1883-1301 ci la ñu songaat Balant Gawaat Segu.
- 1887-1305 ci la ñaari Farañse daggee ak Sunkari.
- 1888-1306 ci la waa kér Fóodé Silla T. réy Pàppa Njaay:
F.S.T. mu ngi jàppale na Faraas ci kaw
Pàppa Njaay.
- 1891-1309 ci la kilifag Faraas nàngu baatu F.K.D. ci kina
ak Fooñi.
- 1891-1309 ci la Fóodé am diggante Fóode K. D. ak
Faraas.
- 1894-1312 ci la F.S.T. làquji Kaasamaas ba Faraas jàpp
ko.
- 1897-1315 ci la Fóode Kabaa Dumbuya (F.K.D.) déggoo
ak Faraas ba Faraas jox ko ndàmpaay lu
tollu ci 5000 ci xaalisu Afirig ci at mu nekk.
- 1900-1318 ci la Sunkari sàqi dellu ginaaw aw
Tuubaakuta foofa la faatoo.
- 1901-1319 ci la Musaa Móoló songe F.K.D. Fóoñi lènk ci
kanam F.K.D.

1903-1321 *Ci la Musaa Móoló saaye Sikalibi dugg ca taal ba ci xeex bu amoon diggante Faraas ak moom te far ak Faraas.*

1906-1323 *ci la Faraas ak Musaa Móoló ci reye giñaabo Saane ci ndimbalu Musaa Móoló ca xareb Siliki.*

Xew-xewi Gaabu

1825-1241 *ci la ñu sos Kéedugu.*

1859-1376 *ci la Sukunda juddu ci Bànda Fasi.*

1881-1299 *ci la Faraas ak waa bëj Siin déggoo.*

1887-1305 *ci la Faraas ak waa bëj Gànnhaar déggoo.*

1888-1306 *ci la déggoo ame ak li des ca gox ya.*

1892-1310 *ci la Musaa Móolo jote ndimbalu Faraas ci kaw.*

1903-1321 *ci la Musaa Móoló ñàkk pexe ñaari mbokkam ba daw genn réew mi.*

Xew-xewi Gooye ak Bundu

1819-1235 *ci la ñu sos Bakkel.*

1840-1256 *ci la Mammadu Lamin DARAAME juddu.*

- 1872-1289 *ci la Mammadu Lamin DARAAME (M.L.D.)*
 wërée ci réewi Lislaam yu bari.
- 1880-1278 *ci la M.L.D. egge Segu te Aamadu Seexu*
 jàpp ko.
- 1885-1303 *ci la M.L.D. génne ca kasoba.*
- 1886-1304 *ci la M.L.D. wóté Waali Baani.*
- 1887-1305 *ci la M.L.D. déggóo ak Faraas.*
- 1888-1306 *ci la Gooye ak teerub Bakkel dugge ci*
 kaaraangeeg Faraas.

TËNKUM SAS YI

Turu sas wi

Xët wi

Njalbéen.....

Ngir yaay ak baay.....

Ubbité gi.....

Senegaal ci biir nguur yu mag ya.....

Buntu I : As lëf ci mbooleem Senegaal (23) sas.....

Buntu II : Fuuta Tooro (27) sas.....

Buntu III : Tasaaroog lislaam (11) sas.....

Buntu IV : Jolof (11) sas.....

Buntu V : Waalo (07) sas.....

Buntu VI : Kajoor (19) sas.....

Buntu VII : Lébu gi (15) sas.....

Buntu VIII : Siin-Saalum (18) sas.....

Buntu IX : Kaasamaas ak jàmmarloo ba (14) sas.....

Buntu X : Gaabu (12) sas.....

Buntu XI : Gooye ak bundu (08) sas.....

Toflay xew-xew yi ak seen jamano.....